**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ XALI’Q BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**A’JINIYAZ ATI’NDAG’I’ NO’KIS MA’MLEKETLIK PEDAGOGIKALI’Q INSTITUTI’**

**PEDAGOGIKA FAKULTETI’**

**«Muzi’kali’q ta’lim» kafedrasi’**

**5111100 - Muzi’ka ta’limi bakalavr bag’dari’ni’n’ IV [a] topar talabasi’ Qudenova Shamshira Embergen qi’zi’ni’n’ «Qaraqalpaqstanda ko’rkem – wo’ner shan’araqlari’ni’n’ payda boli’wi’» temasi’ndag’i’**

# BAKALAVR PITKERIW JUMI’SI’

MAK da qorg`awg`a ruxsat
«Pedagogika» fakulteti dekani`w.w.a.
__________ M.Allayarov
”____” _____________ 2016 ji’l

“Muzi’kali’q ta’lim”
kafedrasi’ basli’g’i’ docent
_______S. M. Tajetdinova
Ilimiy basshi’: docent
_________ D. T. Allanazarov

**No’kis – 2016**

# “Qaraqalpaqstanda ko’rkem – wo’ner shan’araqlari’ni’n’ payda boli’wi’”

## İs jobasi’

Kirisiw.

I-BAP  Ata ka’sibin iyelew ha’m dawamlap  rawajlandi’ri’w - a’zelden a’diwli sawapis

1.1 Evropa ma’mleketkerindegi muzi’kantlar  dinastiyasi’

1.2. Feyt Baxlar dinastiyasi’

1.3. Yogan Shtawslar dinastiyasi’

II-BAP. Qaraqlpaq baqsi’ ji’rawlar  dinastiyasi’

2.1 Nurpolat ji’raw  ko’rkem wo’ner  shan’aragi’

2.2Qiyas ji’raw Qayratdinovlar ko’rkem wo’ner  shan’aragi’

2.3  Tilewmurat baqasi’ ko’rkem wo’ner  shan’aragi’

2.4. Piyazovlar ko’rkem wo’ner  shan’aragi’

Juwmaqlaw

A’debiyatlar

## Kirisiw

Ha'r qanday da'wirde de ja'miyet ag'zalari'n wo'z zamani'ni'n' ilimli, bilimli, ma'deniyatli' adamlari' si'pati'nda ta'rbiyalawda muzi'kali'q ko'rkem-wo'nerdin' a'hmiyeti ayri'qsha. Sonli'qtan ha'r bir muzi'kali'q shi'g'armani'n' quni' wo'zinin' ti'n'lawshi'si'ni'n' sanasi'na estetikali'q ta'siri menen belgilenedi. Usi' ko'z-qarastan qaraqalpaq milliy muzi'kasi' wo'zinin' yen' birinshi folklor do'retpelerinen baslap-aq ken' ti'n'lawshi'lar ja'ma'a'tinin' sana-seziminin' wo'siwine, du'nyag'a ko'z-qarasi'ni'n' teren' qa'liplesiwine belgili da'rejede ta'sir yetpekte. Bul - ayri'qsha milliy folklorli'q ko'rkem shi'g'armalari' mi'sali'nda da'rhal ko'zge tu'sedi. Sebebi, milliy folklor shi'g'armalari'nda tariyxi'y temalarg'a, waqi'yalarg'a di'qqat awdari'wi' sol xali'qti'n' milliy ko'rkem sanasi' rawajlani'wi'ni'n', turmi's shi'nli'g'i'n realistlik ko'z-qarastan su'wretlew ta'jiriybesi wo'siwinin' bir basqi'shi' boli'p tabi'ladi'.

Ha'r bir xali'qti'n wo'z tariyxi', ma'deniyati', ko'rkem-o'neri, ko'rkem a'debiyati' bar. Wolar wo'zinin' u'lken ya kishi boli'wi'na qaramastan ja'ha'n a'debiyati' menen ma'deniyati' g'a'ziynesine wo'z u'lesin qosadi'. Qaraqalpaq xalqi' da a'yyemnen bay ma'deniyatqa, ko'rkem-ow'nerge, ko'p a'sirlik tariyxi'na iye xali'qlardi'n' biri boli'p, du'nyag'a milliy muzi'ka miyraslari' menen ken'nen tani'qli' boldi'.

Buni'n' sebebi, yelimizdin' g'a'rezsizligi ha'm woni'n' tiykari'nda milliy qa'diriyatlari'mi'zdi'n' qayta tikleniwinin' a'hmiyetliligi boli'p tabi'ladi'.

Prezidentimiz İ.A.Karimov: «Xalqning manaviy ruxini mustahkamlash va rivojlantirish - Wzbekistonda davlat jamiyatning yen' muhim vazifalaridan biri»[1]- dep belgilep wo'tkenindey, biz g'a'rezsizligimizdi

[1] Каримов И.А. Ўзбекистон буюк келажак сари Тошкент, 1997, 60-бет

alg'ani'mi'zdan keyin, bul bag'darda ko'plegen jumi'slar islenip ati'r. Bizin' muzi'kali' ko'rkem-wo'nerimizde de u'lken buri'li's boldi'. Demek, bul ayti'li'p wo'tilgen muzi'ka ko'rkem-wo'neri tarawi'ndag'i' buri'li's bizin' bay ata-babalari'mi'zdi'n' miyraslari'n ja'ne de teren'irek u'yreniwge mu'mkinshilik jaratti'.

Prezidentimiz ata-babalar miyrasi'n qa'sterlep abaylaw, wolardi' teren' u'yreniw kerekligin derlik ha'r bir miynetinde atap wo'tedi. Ma'selen, «Tariyxiy xotirasiz kelajak yuq» miynetinde: «Ulli' ata-babalari'mi'zdi'n' isleri ham yerlikleri tariyxi'y yadi'mi'zdi' janlandi'ri'p jan'a puxarali'q sana-sezimdi bayi'tpaqta.

Tariyxi'y ta'jiriybe, da'stu'rlerdin' miyras boli'p wo'tiwi-bulardi'n' ba'ri jan'adan-jan'a a'wladlardi' ta'rbiyalaytug'i'n qa'diriyatlarg'a aylani'wi' lazi'm»[2] degen wo'z pikirlerin bildiredi. Sonday-aq, O'zbekstandi' rawajlandi'ri'wdi'n' ha'm ja'miyetti reformalawdi'n' printsiplerinde de bul na'rse tiykarg'i' wori'ndi' iyeleydi.

«Xali'qti'n' yadi'nda saqlani'p kelgen xali'q awi'z yeki do'retpeleri insan wo'mirinin' barli'q ta'repin wo'zine ja'mlep, wonda u'rp-a'det, da'stu'r, ta'rbiya menen adam wo'mirinin' barli'q jol-jobalari' wo'z ko'rinisin tapqan. Sonli'qtan barli'q waqi'tta jaslarg'a ta'rbiyali'q ta'sir ko'rsetiwshi xali'q awi''z-yeki do'retpeleri wo'zinin' bay pedagogikali'q mazmuni' menen xali'qti'n' tiykarg'i' ta'rbiyali'q qurali' boli'p kiyati'r. Shi'ni'nda da, folklordi'n' barli'q janrlari'nda ayi'ri'lmas da'rejede balani' ta'rbiyalaw usi'llari' ha'm tu'rleri qamti'ydi'»[3]. Demek, qaraqalpaq xali'q pedagogikasi'ndag'i' folklorli'q muzi'kali' shi'g'armalarda jas a'wladti'

[2] Каримов И.А. Тарихий хотирасиз келажак йуқ. Тошкент, «Шарқ», 1998, 25- бет

[3] Қадыров Б.А. Некоторые проблемы по классическим источникам народной педагогики, об. Народная педагогика и современные проблемы воспитания: часть 2 Чебоксары. 1991, стр 284.

ta'rbiyalawdag'i' ha'm wolardi' milliy u'rp-a'det, da'stu'rimizdi u'yretiwde ten'i tayi' joq ta'lim-ta'rbiya xi'zmetin atqaradi'.

Ta'lim ha'r bir ja'miyettin' aji'ralmas bo'legi, ma'deniyati' ha'm rawajlani'wi'ni'n' tiykarg'i' ko'rsetkishi boli'p tabi'ladi'. Solay yeken, g'a'rezsizligimizdin' da'slepki ku'nlerinen baslap ta'lim-ta'rbiya isine itibar ku'sheytilip, Prezidentimizdin' «Kelajak bugundan boshlanadi. Hozir tarbiya masalasiga etibor qilinmasa, kelajak boy beriladi. Tarbiyadan hech narsani ayamaymiz!»[4] degen su'renleri asti'nda ta'limdi reformalasti'ri'wg'a kirisilip, da'slep «Bilimlendiriw haqqi'ndag'i' Ni'zam», son'i'n ala «Kadrlar tayarlawdi'n' milliy da'stu'ri» islep shi'g'i'ldi'. Ka'mil insan ta'rbiyasi' ma'mleket siyasati'ni'n' basli' tarawi' dep dag'azalandi'.

Hu'rmetli prezidentimiz I.A.Karimovti'n' «Tekte shi'n ma'nide ma'deniyatli' adam g'ana - insan qa'dirin, milliy qa'diriyatlari'n, bir so'z benen aytqanda wo'zligin an'law, yerkin ha'm azat ja'miyette jasaw, g'a'ressiz ma'mleketimizdin' ja'ha'n ja'miyetindegi wo'zine mu'na'sip abi'rayli' wori'ndi' iyelewi ushi'n pidayi'li'q penen gu'resiwi mu'mkin» - degen so'zi-bizlerge, yag'ni'y muzi'ka woqi'ti'wshi'lari' ushi'n, bilimli, jetik, ka'mil insandi' ja'miyetke jetkerip beriwdey islerde u'lken shaqi'ri'q ha'm isenim boli'p tabi'ladi'.

«Qoli'nda saz uslag'an adam, hesh waqi'tta jamanli'qqa barmaydi'» - deydi dana xalqi'mi'z.

Ulli' babami'z, Berdaq shayi'rdi'n' «İzler yedi'm» qosi'g'i'nda

«Wo'tken Arastu, Aflatun,
Jarati'p ilimnin' qa'ntin,
Sheshiw ushi'n pikir ba'ntin,

4 Баркамал авлод орзуси. Тошкент «Шарқ» 1999, 53-бет

Men mag'rifat izler yedim»[2] - dep babami'z wo'z qosi'q qatarlari' arqali' keyingi jaslardi' bilim-wo'ner u'yreniwge shaqi'radi'.

Xalqi'mi'zdi'n' yen' a'yyem zamanlardan kiyati'rg'an ko'rkem-wo'nerin, jan'a basqi'shqa ko'teriwde, woni'n' insan wo'mirindegi a'hmiyetin yele de bekkemlewde, ko'rkem-wo'nerimizdin' jan ku'yerleri bolg'an ji'raw-baqsi'lari'mi'z, qi'ssaxanlari'mi'z, qosi'qshi'lari'mi'z, sa'zende-go'yendelerimiz uzaq ji'llar dawami'nda yadi'nda saqlap, woni' xalqi'mi'zdi'n' tilegine say rawajlandi'ri'p, jetilistirip, xali'qti'n' kewil xoshi'n ko'terip kelgen.

Sebebi solar arqali' bizler milliyligimizdin', tari'yxi'mi'zdi'n', ma'deniyati'mozdi'n', u'rp-a'detlerimizdin', da'stu'rlerimizdin' u'lgili suwretin ko'remiz.

## Temani'n' aktualli'g'i'

«Xali'qti'n' yadi'nda saqlani'p kelgen xali'q awi'z yeki do'retpeleri insan wo'mirinin' barli'q ta'repin wo'zine ja'mlep, wonda u'rp-a'det, da'stu'r, ta'rbiya menen adam wo'mirinin' barli'q jol-jobalari' wo'z ko'rinisin tapqan. Sonli'qtan barli'q waqi'tta jaslarg'a ta'rbiyali'q ta'sir ko'rsetiwshi xali'q awi''z-yeki do'retpeleri wo'zinin' bay pedagogikali'q mazmuni' menen xali'qti'n' tiykarg'i' ta'rbiyali'q qurali' boli'p kiyati'r. Shi'ni'nda da, folklordi'n' barli'q janrlari'nda ayi'ri'lmas da'rejede balani' ta'rbiyalaw usi'llari' ha'm tu'rleri qamti'ydi'»[3]. Demek, qaraqalpaq xali'q pedagogikasi'ndag'i' folklorli'q muzi'kali' shi'g'armalarda jas a'wladti' ta'rbiyalawdag'i' ha'm wolardi' milliy u'rp-a'det, da'stu'rimizdi u'yretiwde ten'i tayi' joq ta'lim-ta'rbiya xi'zmetin atqaradi'.

[2] Berdaq. Saylandi' shi'g'armalari'. No'kis «Qaraqalpaqstan» 1997. 43 bet.

[3] Қадыров Б.А. Некоторые проблемы по классическим источникам народной педагогики, об. Народная педагогика и современные проблемы воспитания: часть 2 Чебоксары. 1991, стр 284.

## Temani'n' maqseti' ha'm wazi'ypasi'

Ta'lim ha'r bir ja'miyettin' aji'ralmas bo'legi, ma'deniyati' ha'm rawajlani'wi'ni'n' tiykarg'i' ko'rsetkishi boli'p tabi'ladi'. Solay yeken, g'a'rezsizligimizdin' da'slepki ku'nlerinen baslap ta'lim-ta'rbiya isine itibar ku'sheytilip, Prezidentimizdin' «Kelajak bugundan boshlanadi. Hozir tarbiya masalasiga etibor qilinmasa, kelajak boy beriladi. Tarbiyadan hech narsani ayamaymiz!»[4] degen su'renleri asti'nda ta'limdi reformalasti'ri'wg'a kirisilip, da'slep «Bilimlendiriw haqqi'ndag'i' Ni'zam», son'i'n ala «Kadrlar tayarlawdi'n' milliy da'stu'ri» islep shi'g'i'ldi'. Ka'mil insan ta'rbiyasi' ma'mleket siyasati'ni'n' basli' tarawi' dep dag'azalandi'.

Ata kasibinin' miyaras boli'p izindegi perzentlerine wo'tiwi ha'm solardi'n' dawamlag'an izlerinde wo'z rawaji'n tawi'p wo'sip bari'wi' xalqi'mi'zda buri'nnan kiyati'rg'an a'diwli is.

Ma'selen ko'rkem wo'nerimizdi alsaq, birinshiden: "bala uyada neni ko'rse u'lkeygende soni' isley" degendey, buni'n' ta'rbiyali'q ku'shli ta'repleri bar. Sebebi balani'n' kishkene waqti'nan qulag'i'na sin'ip ta'byy halda woni' ta'rbiyag'a ahaqi'radi'

Yekinshiden do'retiwshilik jagi'nan da ko'rkemlikke, suliwli'qqa, danali'qqa shaqi'ri'p talanti'n wo'siredi.

Mine bulardi'n' barli'g'i' jaslardi' ta'rbiyalap bari'wda u'lken a'hmietke iye.

## Temani'n' ob'ekti ha'm predmeti

Ha'r bir insan wo'zinin' sana-sezimi rawajlana baslag'annan baslap-aq, go'zzalli'qqa ha'm joqari' ma'deniyatli'li'qqa talpi'nadi'. Ko'rkem-wo'ner

[4] Баркамал авлод орзуси. Тошкент «Шарқ» 1999, 53-бет

estetika menen ti’g’i’z baylani’sta boli’p keletug’i’ni’ belgili. Estetika go’zzalli’qti’ su’yiwdi an’latsa, wo’ner sol go’zzalli’qti’ do’retedi, du’nyani’ qosi’qsi’z - namasi’z, saz-sa’wbetsiz ko’z aldi’mi’zg’a keltiriwimiz qi’yi’n.

## Ata ka’sibin iyelew ha’m dawamlap rawajlandi’ri’w - a’zelden a’diwli sawap is.

Shi’ni’nda da perzent ushi’n a’zelden-aq Ata ka’sibin iyelew ha’m dawamlap rawajlandi’ri’w - perzent ushi’n a’diwli is boli’p tabi’lg’an xali’qta. Buni’ biz ha’r bir zamanda ha’m ha’r bir ka’sipte bayqay alami’z.

Bularda biz atadan balag’a wo’tken tek materialli’q bayli’qti’ yemes, al ba’lkim babalari’mizdi’n’ ha’r bir ka’sipti a’sirler dawami’nda i’qlas penen boy tikletip, shi’mti’mlap u’yrenip - marjanday nag’i’si’n keltirgen izlerin ko’remiz.

Mine usi’ miyras izler ta’biy halda atadan balag’a wo’tip, wo’zinin’ dawami’n tapsa g’ana, wol perzentti ata ka’sibin ielegen dep aytadi’ xali’qta.

Ha’r bir ka’siptin’ wo’zinin’ tariyxiy rawajlani’p kelgen joli’ bar, wo’zine ta’n si’rlari’bar. Barli’gi’ da turmi’s za’ru’rliginen kelip shi’g’ip, xali’qti’n’ mu’ta’ji ushi’n xi’zmet yetken.

## Evropa ma’mleketkerindegi muzi’kantlar dinastiyasi’

Yeger muzi’ka – wo’nerinin’ Evropa ma’mleketlerindegi izlerine itibar bersek yen’ da’slep Baxlar shan’arag’i’n ayti’p wo’tiwimiz tiyis boladi’. Sebebi Baxlar shan’arag’i’ Evropada 200 ji’l dawami’nda ko’rkem – wo’ner shan’arag’i’ degen ma’nini an’latqan.

Bul ko’rkem – wo’ner shan’araq Feyt Bax degen adamnan baslanadi’. Wol XVI a’sirde vengriyani’n’ Presburg degen qalasi’nda tuwi’ladi’. Biraq

wol jerde diniy ko'terilislerdim' payda boli'wi'na baylani'sli' Tywringiya degen jerge ko'ship ketedi. Woni'n' ka'sibin aytsaq wol nanbayshi' boli'p xali'qqa xi'zmet yetken. Awi'li'nda qaraz aydag'an (melnica aydag'an).

Wol ju'da' muzi'kag'a qi'zi'qqanli'g'i' sonshelli citra degen saz a'sbapti' sati'p ali'p, qay jerde ju'rsede woni' taslamaydi', ha'm sa'l qoli' bos bolsa sherip wo'z sheberligin artti'ri'p ju'rgen. Soni'n' menen birge yeki perzentine de u'yretip, wolar wo'z gezeginde wo'z perzenlerine u'yretip 200 jil dawami'nda Bax degen familiyani' yesitse wol muzi'kant degen tu'sinikte adamlar arasi'nda payda boladi'.

Keyingi a'wladlari'ni'n' ishinen wo'mirin usi' ko'rkem wo'ner ka'sibi menen baylani'ti'ri'p xi'zmet yetkenler az bolmag'an. Bul Baxlar shan'arag'i' bir-biri menen ju'da' ti'g'i'z baylani'sta, sadi'qli'qta jasag'an, biraq qanshelli shan'araq ag'zalari' wo'sip – wongen sayi'n arasi' ali'slasi'p baslaydi'.

Sol sebepli bular ha'r ji'li' bir jerge ji'ynali'si'p ushi'rasatugi'n bolg'an. Bular ushi'rasiw worinlari' Erfurt, Eyzenax yaki Arnshtadt qalalari' bolg'an. Mine sol ushi'rasi'w keshelerinde tan'g'a shekem muzi'ka jan'laydi' yeken. Bulardi'n' ishinde yen' muzi'ka ma'deniyati' du'nyasi'nda tani'qli'si' Yogan Sebestyan Bax boladi' (21 mart 1685ji'l – 22 iyul 1750 li'l)

## Iogan Sebestyan Bax (21 mart 1685 ji'l – 22 iyul 1750 li'l)

Iogan Sebestyan Bax Nemis kompozitori', barokko da'wirinin' ko'rnekli wa'kili, virtuoz organist, pedagog. Wo'zinin' do'retiwshilik da'wirinde 1000 aslam muzi'kali'q shi'g'armalar do'retip ketken.

Iogan Sebestyan Bax 1685 - ji'li' 21 mart ku'ni Eyzenax qalasi'nda tuwi'ladi'. Kishkene waqi'nan woni'n' muzi'kag'a degen qi'zi'g'i'wshi'li'g' ayri'qsha bolg'an, sol sebepli balassi'ni'n' muzi'kag'a

degen talanti'n sezgen a'kesi Yogan Ambroziws Bax woni' yerteden muzi'ka a'lemine tarta baslaydi'.

Kishkene jasi'na qaramastan ag'alari' qatari'nda bul da muzikani' u'yrene baslaydi'. 1693 ji'li' mektepke baradi'. 1695 a'kesi qayti's boladi', wonnan aldi'n anasi' da qayti's bolg'an Yogan Sebestyan Bax jetim qaladi'. Keyin Ordruf qalasi'ndag'i' wo'zinin' ag'asi' Yogan Kristoft'i'n' semyasi'nda ta'rbiyalanadi'.

Yogan Kristoftan' kishkene Yogan Sebastyan Bax tez arada skripka, klavir ha'm organ saz a'spablari'nda sherip u'yrenedi.

**1700 – ji'li' Lywneburg** qalasi'ndag'i' woqi'wg'a kiredi. Sol jerde xor da qosi'q aytadi' skripka shertip u'yrenedi. Sol jerde xor da qosi'q aytadi' ha'm muzi'kali'q bilimin, atqariwshili' wonerin yele de jetilistiredi. 18 jasi'nda woqi'wi'n pitkerip kapellada (sazendeler ansamblinde) muzikant boli'p jumis isleydi.

**1704 – ji'li' Arnshtadt** qalasi'ndag'i' jan'adan ashi'lg'an **cerkovqa** "Organist" boli'p jumi'sqa ali'nadi'. Usi' jerde birinshi iri formadag'i' orkestr ha'm xorg'a arnalg'an quramali' shi'g'armalari'n do'rete baslaydi'.

**1707 – ji'li' Mywlxawzen** qalasi'nda Organist boli'p jumisqa ali'nadi'. Sol ji'li' Mariya Barbarag'a u'lenedi. Usi' jillari' wol do'retiwshilik joli'nda ko'p jetiskenshiliklerge yerisedi.

Biraq ko'p uzamay 1708 – ji'li' **Veymar** qalasi'na ko'ship baradi'. Bul jerde 1708 – ji'ldan 1717 – ji'llar arali'gi'nda ma'mleketlik da'regedegi Veymar saray'inda muzi'kant, kompozitor bolip jumi's ali'p baradi'.

Bir qansha shet yel kompozitorlari' menen islesedi ha'm krugozori' ken'eyedi. Bul jerde wol basi'm ko'pshiliginde doretiwshilik ha'm atqari'wshi'li'q joli'nda miynet yetedi ha'm u'lken tabi'slardi' qolg'a kiritedi'. Yogan Sebastyan Baxti'n' abi'rayi'n ha'm ati'n shet yellerdegi belgili muzi'kantlar da moyi'nlap baslaydi'.

Usi' jerde woni'n' wo'mirinen bir mi'sal keltirsek. 1717-ji'li Germaniya ma'mleketinin' Drezden qalasi'na Francuyadan belgili Klavesinist ha'm organist Marshan degen muzi'kant keledi.

Baxti'n' sheber muzi'kant yekenin biletug'i'n Drezdenden sarayi'ni'n' koncertmeysteri Volywme wolardi' jari'sti'rmaqshi' nyet bildiredi ha'm buni' ha'mme maqul ko'redi tez arada jari'sti'n' wotetug'i'n worni' belgilenip yeki muzikantqa mira'tnama jiberiledi.

Wa'de boyi'nsha Bax wo'z waqti'nda jetip keledi al Marshan kelmey qaladi'. Adam jiberse wol sol ku'ni azan menen drezden qalasi'nan shi'g'i'p ketipti. Ji'yilg'an adamlardi'n' aldi'nda Baxti'n' bir wo'zi sherip concert beredi ha'm wo'zinin' qudiretli muzi'kasi' menen ha'm atqari'wshi'li'q sherligi menen sonsh ji'yi'lg'an ja'ma'a'ttin' algi's'n ali'wg'a myassar boladi'.

Biraq yekinshi jagi'nan ma'mleketlik sarayi' adamlari'ni'n' ishinde buni' ku'nleytug'i'nlar da bolg'an. 1716 - ji'li' Veymar saryi'ni'n' kapelmeysteri Dreze degen adam qayti's boladi'. Bax sol wori'ng'a ha'r ta'repleme i'layi'q bolsa da, wol yemes al Teleman degen kompozitorga' shaqi'rti'ladi'. Wol yaq degennen keyin Drezenin' balasi'n saylaydi', talanti' bolmasa da.

U'lken anjumanlarda kompozitorlarg'a jan'adan arnawli' muzi'ka jazi'wdi' mirojat yetkende, Baxqa aytpawdi'n' joli'n izleydi. Soni'n' menen Yogan Sebastyan Bax jumi'si'n shi'g'i'wg'a arza jazadi'.

**1717 - 1723 ji'llari' Kyoten** qalasi'nda jasaydi' ha'm qala ha'kimiyati' sarayi'ni'n' muzi'kanti' lawazi'minda jumi's ali'p baradi. Veymarg'a qarag'anda kishkene qala boli'p, wol wo'mirdin' shawqi'mli' - ti'ni'msi'z ha'reketindegi yemes al kerisinshe, wo'zine ta'n ta'biyatti'n' bir tegis ag'i'si'na megzes ti'ni'sh qala yedi.

Bul jerde Baxti'n' i'qtiyarinda tek **cerkovtag'i'** kishkene, ku'timsiz – go'ne organ boladi'. Sol sebepli bul jerde ko'binshe klavesin, skripka, klavir, violonchelge yaki orkestr ansamllerine arnalg'an muzikalar jazadi'. Veymar qalasasi'nda jasag'an da'wirindegi alg'an bar bilimin iske saladi'.

Ha'r bir instrumenttin' wo'zine ta'n original seslerinin' tembrlari'n ha'm basqa da atrari'wshi'li'q imkaniyatlari'n u'yrene woti'ri'p jazg'an shi'garmalari' arqali' wolardi'n' ta'sirshen'lik mumkinshilikleri maydani'n ken'eytedi.

Ma'selen klavir ushi'n yeki ha'm u'sh dawi'sli' inveciyalari'n, "Anliyskiy" ha'm "Francuzskiy sywyuitalari'n", "Xorosho temperirovanni'y klavirdin'" I-shi tomi'n. Skripka usi'n, violochel ushi'n, klavesin ushi'n, solar menen bir qatarda ha'r qi'li' quramdag'i' saz a'sbaplar ansambli ushi'n "Sonatalar", "Syuitalar", "Fantaziyalar", orkestr ushi'n "Brandenburgskie koncerti'" dep atalatug'i'n (6 koncert) ha'm tag'i' da basqa muzi'kali'q formadag'i' shi'g'armalardi' jasi'p qaldi'qg'an.

1720 – ji'li' hayali' qayti's boli'p, 7 balasi' anasi'nan jetim qaldi'. 1721-jili' qosi'qshi' anna Magdalena Baxqa (qi'z waqtindag'i' familiyasi' Vyulken) u'ylenedi. Wo'ni' da i'qlasi'n muzi'kag'a tarti'p hayali'na arnalg'an "Klavirni'e knijki dlya Anni' Magdaleni' Bax" atli' yeki kitabi' (Ha'zirgi ati' Notnaya tetrad Anni' Magdaleni' Bax) saqlani'p qalg'an, (negizinde onnan da ko'p boli'wi' mu'mkin).

Birinshisi klavirge arnalg'an 24 piesadan ibarat, yekinshisi prelyudiyalar, syuitalar, xorallar, diniy tematikadag'ii' ha'm sol waqi'ttag'i' zamanago'y qosi'q janrlari'ndag'i' shi'g'armalari'n wo'z ishine qamti'g'an.

Soni'da ayti'p wotiwimiz kerek Anna Magdalena, I.S.Baxti'n' shi'g'armalari'n wo'mir boyi' – u'lken itibarli'li'q penen qol – jazbada notag'a tu'sirip ju'redi, soni'n' arqasi'nda ko'p namalari' saqlani'p – bizlerge jetken.

Sebebi Bax qayti’s bolg’annan keyin woni’n’ shi’g’armalari’ni’n’ basi’m ko’pshiligi, wo’z da’wirinde itibarsi’z qali’p, keyingi da’wir kompozitorlari’ni’n’ wolarg’a degen hu’rmetinin’ na’tijesinde baspadan shi’qqan.

I.S.Bax ballari’ wo’sken sayi’n, wolardi’ ti’yanaqli’ bilimlendiriw maqsetinde **1723-ji’li’ Leypcig** qalasi’na ko’ship baradi’. Womirinin’ aqirina deyin **1723 – 1750** ji’llar arali’g’inda sol jerde miynet yetedi.

1723-ji’li’ cervofta muzi’ka woqi’ti’wshi’si’ boli’p isleydi, keyin muzi’kali’q follegiya direktori’ boli’p isleydi Leypcig qalasi’nda. Bul jerde “Xorosho temperirovanni’y klavirinin’” II – tomi’n jazadi’, wonnan ti’sqari’ wo’zinin’ do’retiwshilik joli’ndag’i’ yen’ belgili kantatalari’n, oratoriyalari’n, passionlari’n ha’m do’rettiwshilik joli’ndag’i’ yen’ ba’lent jetiskenshiligi dep sanalg’a “Si minor messasi’n jazadi’.

Iogan Sebastiyan Bax Wo’mirinin’ aqi’ri’nda ko’zi azzileydi’, barg’an sayi’ awi’ri’wi’ ku’sheyip angliyadan belgili vrach shaqi’rti’li’p ko’zine 2-ma’rte operaciya isleydi, biraq operaciyalari’ sa’a’tli shi’qpay ko’zi uli’wma ko’rmey qaladi’. Aqi’betinde 1750-ji’li’ 22 iyul ku’nin 66 jasi’nda du’nyadan wo’tedi.

Iogan Sebastiyan Bax wo’zinin’ do’retiwshilik da’wiri dawami’nda **1000** aslam ha’r qi’yli’ janrdag’i’ shi’garmalar jazi’p qaldi’rg’an. Yogan Sebastiyan Bax qayti’s bolg’annan keyin woni’n’ shi’g’armalari’ itibarsi’z qaladi’. Ko’p jillardan son’ keyingi da’wir kompozitorlari’ni’n’, wolarg’a degen hu’rmetinin’ na’tijesinde baspadan shi’qqan.

20 perzentinen 4-ki’zi’ ha’m 5-ul balasi’ qaladi’ izinde, solardan 4-ulbalasi’ belgili kompozitor boladi’. Eyn’ ulken balasi’ Vilgelm Frideman Bax (1710 - 1784) ku’shli improvizator ha;m sheber organist bolg’an.

Karl Filipp Emanuil Bax (1714 – 1788, woni’ berlinskiy yaki gamburgskiy dept e atag’an) wol jan’a zaman, jan’a da’wir talabi’ndag’i’ kompozitor bolg’an.

Iogan Kristov Bax (1732 – 1795 byukkeburgskiy Bax dept e atag’an) kapelmeyster boli’p islegen.

Iogan Xristiyan Bax (1735 – 1782 milanskiy yaki londonskiy depte atag’an) 1754 jildan baslap I’taliyada Padre Martinida kompozitorli’qqa woqi’g’an ha’m keyin sol da’wirdin’ bekgili kompozitori’ bolg’an. 1962 baslap Londonda jasag’an. Angliya korolevasi’ni’n’ jeke muzi’ka woqi’tiwshi’si’ bolg’an.

## Iogan Shtrawslar ko’rkem wo’ner shan’arag’i’

## Yogan Shtraws a’kesi (Starshiy)

XI’X – a’sir Avstria ma’mleketinde xali’q muzi’kasi’ni’n’ rawajlang’an da’wiri boldi’. Bir qansha sazendeler ansamblleri (kapella dep aytqan sol da’u’irde) qalalarda, awi’llarda ken’nen yen jayi’p, payda bola baslag’an. Wolardi’n’ repertuari’ni’n’ basi’m ko’pshiligin (narodnaya tancevalnaya muzi’ka dep aytadi’) xali’q ayaq woi’nlari’ namalari’ qurag’an. Vals, Polka, Kadril h.t.b.

Ha’r kapella basshi’si’ (Kapelmeyster) ati’n shi’g’ari’w ushi’n wo’zinin’ do’retken namasi’n shertiw moda bolg’an. Sbebebi qaysi’ bir namasi’ jaqsi’ shi’qsa, u’lken concert zallarda shertilse - tez arada do’retiwshinin’ ati’ shi’g’ip xali’q hurmetine sazawwar bolg’an.

Solay yetip vals dinastiyasi’ dep Yozef Lanner (1801-1843) ha’m Yogan Shtrawi’slar dinastiyasi’ yaki Ko’rkem wo’ner shan’araqlari’ payda boladi’. Yekewi de sazende, dirijer ha’m kompozitor. Usi’ yeki dinastiyalar arasi’nda jari’s payda bolati’.

Barg'an sayi'n wolardi'n' muzi'kantlari' da ko'beyip baradi' ha'm 1825 ji'llari' wolardi'n' kishkene strunni'y orkestiride payda boladi'. Mine usi' taqlette, bir jag'i'nan jari's bolsa yekinshi jag'inan bul jari's xali'q musi'kasi'ni'n' wo'siwine ali'p keledi.

Soni'n' arasi'nda basqa da Kapellalar payda boladi', biraq degen menen Yogan Shtraws wo'z orkestri menen Germaniya, Franciya, Angliya ma'mleketlerinde koncertler berip ti'n'lawshi'lardi'n' alg'i'slari'na miyassar boladi' ha'm soni'n' menen dynyag'a ati' tarali'p ketedi. 1949 qaytis boladi', sog'an shekem vals janri'nda ten'i tayi' joq kompozitor boli'p du'nyag'a tani'ladi'.

Yogan Shtraws do'retiwshilik joli'nda 250 den aslam orkestr ushi'n Vals, Ga'lop ha'm Kadril tanci' janrlari'nda namalar jazi'p qaldi'rg'an. Wolardi' balasi' Yogan Shtraws mladshiy 1989-ji'li 7 tomnan ibarat kitab yetip baspadan shi'g'aradi'.

Sol kitapti'n' kirisiw so'zinde a'kesi tuwrali' bi'lay dep jazg'an: "Mag'an balasi' bola turi'p a'kemnin' ati'n reklama qi'lg'anday bolmayi'n, degen menen soni'n' Ati' arqasi'nda Vena ayaq woyi'n muzi'kasi' du'nyag'a taraldi'

### **Yogan Shtraws (balasi'** 1826j 25 oktyabr – 1899 3 iyun**)**

Yogan Shtrawsti'n' u'sh balasi' boladi': Yogan Shtraws (mladshiy 1826j 25 oktyabr – 1899 3 iyun), Yosef Shtraws (1827 - 1870) ha'm Eduard Shtraws.

Barli'g'i' da sazende, dirijer ha'm kompozitor boladi', wozlerinin' orkestrleri menen koncertler berip ha'm do'retiwshilik wo'neri menen xali'qqa xi'zmet yetken.

Degen menen Yogan Shtraws mladshiydi'n' xi'zmeti ha'm do'retiwshilik wo'neri a'kesinin' ali'p barg'an jumi'slari'n, yele de biyik shi'n'larg'a jetkizedi.

Yogan Shtraws 1826j 25 oktyabr ku'ni du'nyag'a keledi. 1844-ji'li 19 jasi'nda 15 muzi'kantti' ja'mlep birinshi koncertin beredi.

Sonnan baslap buni'n' muzi'kasi'n xali'q ta'n a'ladi' ha'm birden ko'pshilikke dan'qi' jayi'la baslaydi'.

Usi' ku'nge deyin vals boyi'nsha birinshilikti a'kesi uslap turg'an bolsa yendi Vena qalasi'ndag'i' birinshilikke a'kesi yekewi arasi'nda gu'res baslanadi'. Bara-bara a'kesinin' orkestri biylegen rayonlardi' jen'ip aladi'.

1849 -li'li' a'kesi qayti's boladi'. 1850-ji'llari' buni'n' dan'qi' Evropa boylap arti'p baradi'. Dunya ju'zi boylap bergen koncertleri alg'i'slarg'a miyassar boladi'.

1856-1865 ji'llari' dawami'nda ji'lda, keyin ja'ne 1869 ha'm 1872 ji'llari' ja'mi 12 ji'l dawami'nda Rossiya ma'mleketinde **may** ayi'nan **sentyabr** ayi'na deyin u'ziliksiz koncert sezonlari'n sho'lkemlestiredi, bir qansha rus kompozitorlari' menen jaqi'nnan tani'sadi'.

Wolardi'n' shi'g'armalari'n da repertuari'na kirgizip wo'z orkestiri menen atqaradi', soni'n' menen birge rus temasi'na orkestr ushi'n "Proshanie s Peterburgom", "Russkaya fantasia - marsh", fortepiano ushi'n "V russkoy derevne" atli' shi'g'armalari'n do'retedi.

Ja'ne bir wo'mirindegi u'lken waqiya bul, 1972 li'li' Amerikani'n' Boston qalasi'ndag'i' bergen bir du'rkin koncertleri yedi. Wol jerde 100 000 wori'ng'a mo'lsherlep jan'adan sali'ng'an konzert zali'nda 14 koncer beredi.

Bul koncertlerge 20 mi'n'nan aslam qosi'qshi'lar, muzi'kantlar ha'm 100 ja'rdemshi dirijerlar qatnasqan. Bul koncertlerdin' massali'q jag'inan ko'lemi usi'nday da'rejede wo'tken.

Biraq usi' sapari'nan keyin wol concert sho'lkemlestiriw jumi'si'n azayta baslaydi'. Bunnan bi'lay wo'mirinin' aqi'ri'na deyin woni'n' do'retiwshilik joli' jan'a basqi'shi'na qa'dem taslaydi'. Bul teatr

wo'nerinin' operetta janri' boldi'. Birinshi operettasi'n wol 1870 ji'li' jazg'an bolsa, wo'mirinin' aqi'rina deyin usi' janrg'a bar ku'shin Sali'p ayanbay miynet yetedi.

Uli'w ma do'retiwshilik joli'n aytsaq Yogan Shtraws XIX – a'sir ayaq woyi'n muzi'kasi'ni'n', (Tancevalnaya muzi'kasi'ka)si'ni'n joqari' da'rejedegi klassik kompozitori' si'pati'nda du'nyag'a tani'lg'an.

Wol wo'zinin' dworetiwshilik da'wirinde 477 vals, polka, kadril, marsh ha'm tag'i' da basqa muzi'ka shi'g'armalari'n jazip qaldi'rdi'. Solardi'n' ishunde "Vechnoe dvijenie", "Goluboy dunay", "I'mpiratorskiy vals", "Vals piccikkato" (ag'asi' Yozef Shtraws penen birgelikte jazg'an) ha'm tag'i'da basqalardi' aytsaq boladi'.

A'sirese woni'n' vals ayaq woyi'ni' janri'ndag'i' jazg'an shi'garmalari'n du'nya ju'zi ta'n aldi' ha'm soni'n' menen birge wo'zi jasag'an Avstriya ma'mleketinin' bas qalasi'ni'n' ati' menen atali'wshi' Vena valsin (Venskiy valsti') du'nyag'a taratti'.

Xali'q awzi'nda woni' "Korol Venskogo valsa" (Vena valsinin' patshasi') dep ta'n alg'an. Yogan Shtrawsti'n' muzi'kasi'ni'n' quni' - woni'n' xali'q turmi'si' menen ju'da' teren' da'rejedegi mu'n'lasli'g'inda ha'm xalqi'ni'n' wo'miri menen si'baylas – ti'g'i'z baylani'sli'gi'nda yedi. Wol wo'zinin' muzi'kasi'ni'n' barli'q intonaciyalari'n, melodiyalari'n xali'q turmi'sinan izledi.

Wol 16 Operetta jazadi' solardi'n' ishinde "Letuchaya mush" 1874-j librettosi'n jazg'an Xafner ha'm Jene, "Noch v venecii" 1883-j librettosi'n jazg'an Cell ha'm Jene, "Ci'ganskiy baron" 1885-j librettosi'n jazg'an Shnitcer.

"Ri'car Pasman" komediyali'q operasi'n ha'm "Zolushka" atli' balet jazga'n biraq wo'zi wo'lgennen keyin baspadan shi'qqan.

Uli’wma Yogan Shraws XIX a’sir Evropa muzi’kasi’nda ulken so’nbes iz qaldi’rg’an ha’m woni’ rawajlani’w joli’na u’lken ta’sir jasag’an. Wonnan keyin de Vena qosi’q ha’m ayaq woi’ni’ janri’nda muzika jazg’anda, da’slep Yogan Shtrawsti’n’ do’retiwshilik joli’na itibar bergen.

Belgili nemis kompozitori’, dirijeri’ ha’m pianist Gans Byulov woni’n’ shi’garmalari’ jo’ninde bi’lay dep aytqan “Men Yogan Shtrawsti’n’ shi’garmalari’nan muzi’kali’q jaqtan la’zzetlenemen (dirijerli’q yetkenimde), bunday ta’sirleniwdi ko’p waqi’ttan berli sezbep yedim wo’zimde”.

Bunday joqari’ pikirlerdi wol tuwrali’ ko’p kompozitorlar ayti’p ketken. Ma’selen Vengriya kompozitori’, dirijeri’ ha’m pianist Ferenst List, nemis kompozitorlari’ Rixard Vagner, Yogannes Brams, Francya kompozitori’ ha’m dirijer Gektor Luy Berlioz, Rus kompozitorlari’ Aleksandr Nikolaevich Serov, Nikolay Andreevich Rimskiy Korsakov, Petr I’lyich Chaykovskiylar woni’n’ do’retiwshilik joli’n joqari’ bahalag’an.

## Qaraqalpaq jiraw baqsi’lari’ dinastiyasi’

### Nurabi’lla ji’raw ko’rkem wo’ner shan’arag’i’

### Nurabi’lla ji’raw 1862-1927

Nurabi’lli’ ji’ri’aw Qaraqalpaq ji’rawlari’ni’n’ ishinde atqari’wshi’li’q sheberligi, hawazi’ni’n’ ba’lentligi, atqari’wshi’li’q joli’ni’n’ wo’zgeshe ta’sirshen’ligi jag’i’nan yen’ ataqli’ ji’ri’wlardi’n’ biri yesaplanadi’. U’lken toylar Nurabi’llasi’z wo’tkerilmegen degen so’zler bar xali’q arasi’nda.

Qaraqalpaq xali’q poeziyasi’ni’n’, muzi’ka maedeniyati’ni’n’ tariyxi’nda Nurabi’lla ji’raw yen’ ulli’, yen’ su’yikli ji’rawlari’ni’n’ biri boli’p tani’lg’an.

Nurabi’lla 1862 – ji’li’ Qaraqalpaqstanni’n’ ha’zirgi Taxtako’pir menen Shi’mbay rayonlari’ni’n’ arqasi’ndag’i’ Yesim boyi’ Na’wpir degen jerde tuwi’ladi’. Nurabi’llani’n’ a’kesi Qarajan yetikshilik ka’sibi menen u’n ko’rgen jarli’ adam bolg’an. Qarajan ha’m woni’n’ ata babalari’nda hesh kim ji’rawshi’li’q penen shug’i’llanbag’an.

Nurabi’lla kishkentayi’nan i’laq baqqan. I’laq bag’i’p ju’rip, dalada dawi’si’ni’ bari’nsha qi’si’nbastan baqi’ri’p ayti’p xali’t qosi’qlari’n yadlap ayti’p ju’rgen. Awi’li’ndag’i’ **Jannazar qobi’zshi’** degenninn’ sazlari’n ti’n’lap, woni’ yadg’a ko’shirip u’yrenip ju’redi.

Kishkene toy mereke – ji’yi’nlarda azlap qobi’z shertip, qosi’q ayti’wdi’ u’rdis yetedi. Yerjetip aqi’li’ toli’sqan son’ Nurabi’lla ji’rawshi’li’q ka’sibine birotala berilip, ji’raw boli’w joli’na tu’sedi. Wol Shi’mbaydag’i’ ataqli’ **Turi’mbet ji’rawg’a** sha’kirt boladi’.

Turi’mbet sol da’wirdin’ man’lay aldi’, ati’ belgili ji’raw yesaplani’p, ji’rawshi’li’qti’ Buxaradag’i’ qaraqalpaq ji’rawlari’nan u’yrenedi. Nurabi’lla Turi’mbet ji’rawdi’n’ «Qoblan», «Edige» da’stanlari’n ti’n’ laydi’, biraq ko’p yerip ju’re almay ketip qaladi’.

Solay yetip Shi’mbaydag’i’ **Pa’leke ji’rawdi’n’** izine yeredi., wonnan «Alpami’s» da’stani’n u’yrenedi. Son’i’nan Nurabi’lla Xorezimnin’ Shabat rayoni’ndag’i’ **Yerman qaraqalpaq** degen ji’rawg’a yerip, wonnan «Sha’ryar» da’stani’n u’yrenedi. Yermanni’n’ u’yinde de ko’p payanlamay **Aqkiyiz** degen sawdagerdin’ ka’rwani’na ilesip Buxarag’a baradi’.

Buxarada 18 sha’kirtin izine yertip ju’retug’i’n **Qalmurat uli’ Qazaqbay degen ji’rawdi’** izlep tabadi’. Wol kisi duwtarda qobi’zday yetip (qi’yaq) ji’rlap aytatug’i’n bolg’an.

Qazaqbaydi’n’ u’yinde 25 ay xi’zmet yetip, woni’n’ bar wo’nerin ielep, yeline qayti’wg’a ruxsat soraydi’. Qazaqbay da: «bizden de aytqi’sh ji’raw boldi’n’ yelin’e barag’oy, balam» dep pa’tiya beredi. «**So’z**

**Buxaradan shi'qqan. Buxarag'a barmay so'z won'baydi', baqsi' ji'raw buxarag'a barmay ati' shi'qpaydi'»** degen so'zler wo'z da'wirinde aforizmge aylani'p ketken.

Nurabi'lla Buxaradan kelgennen son' Xorezm, Qaraqalpak a'tirapi'nda qoldan-qolg'a tiymeytug'i'n ataqli' ji'raw boladi'. Woni'n' izinde dan'qi'n ta'ripleytug'i'n: «Alpami's», «Qoblan», «Edige», «Ershora», «Sha'ryar» ha'm wo'zi do'retken «Sur ji'lan» atli' da'stanlari' menen wo'zi atqari'p ha'm u'les qosqan «Yar-Yar», «Sherba'yit», «I'lg'al», «Nurabi'lla tolg'awi'», «Yag'li' ba'ha'r». «Jaman shi'g'anaq» ha'm tag'i' basqa namalari' qaldi'.

Wo'z balasi' Yesemurat, Atamurat ha'm Qurbanbay, A'bdira'siwli (ka'l bala), Qulamet, Jaqsi'li'q, Da'ryabay, Ten'izbaylar usi' ulli' talant iyesinin' qoli'nda ta'rbiyalang'an bolajaq ji'raw, ji'rshi'lar wo'zlerindegi bar talanti' menen sheberliklerin rawajlandi'ri'p, ha'r ta'repleme yer jetip yelge tani'lg'an, atqari'wshi'lar boli'p jetilisti.

Nurabi'lla ji'rawshi'li'qta wo'zine g'ana yemes, sha'kirtlerine de wog'ada talapshan', qatti' qol boli'p ji'rawshi'li'qtag'i' barli'q usi'llardi' men'gerip almag'ansha ayawsi'z mashi'q yetiwdi talap yetken.

«Sazdi' buza ko'rme, buzsan' admni'n' juli'ni'n u'zgendey bolasan', shertip woti'ri'p qi'z-kelinge alan' bolma, alan' bolsan' namani'n' belin u'zgendey bolasan'» - dep suwi'q na'zer taslap za'rremizdi alatug'i'n yedi, - dep yeske tu'siredi balasi' ha'm sha'kirti Yesemurat ji'raw.

Nurabi'llani'n' atqari'wshi'li'q sheberligi, yadi'geshligi, da'stanlardi' wo'zlestirw ha'm hawazi'ni'n' ba'lentligi tuwrali' an'i'zg'a aylang'an qanatli' so'zler ko'p taralg'an.

Xali'qta: Nurabi'lla ji'rlag'anda i'laqtay man'i'raytug'i'n yedi. A'sirese tan'g'a beyim ha'wijge mine kele sesti 25-30 kilometrlik arali'qti'

ieleytug'i'n yedi, delingen so'zler ji'rawdi'n' talanti'na bollg'an xali'qli'q i'qlasti' bayan yetedi. Ulli' ji'raw 1927 – ji'li' 64 jasi'nda qayti's boladi'.

## Nurabi'lla ji'rawdi'n' balasi' Yesemurat ji'raw 1893-1979

Ha'zirgi da'wirdegi qaraqalpaq ji'rawlari'ni'n' yen' ataqli'lari'n so'z yetkende Yesemurat Nurabullaevti'n' tvorchestvosi'na toqtamay wo'tiw mu'mkin yemes, qaraqalpaqlar arasi'nda buri'n da, son' da ji'raw-baqsi'lar az yemes.



**Yesemurat ji'raw 1893-1979**

Degen menen wolardi'n' ishinde xali'q arasi'nda ken'nen tani'lg'ani', ji'rawshi'li'q wo'nerinin' sheberlik penen mengergenleri sanawli'.

Haqi'yqati'nda ji'raw-baqsi'lardi'n' ha'mmesin bir tu'rge jatqari'p, birdey baha beriwge bolmaydi'. Wolar so'z ya saz wo'neri jag'i'nan bolsi'n, yadi'ni'n' ku'shliligine, repertuari'ni'n' jarli' ha'm bayli'li'g'i'na qarap ta, improvizatorli'q da'rejesi menen, epikali'q shi'g'armalardi' atqari'wdag'i'

wo’zinshelik usi’llari’ menen , tag’i’ da toli’p ati’rg’an ji’rawshi’li’q wo’nerinde bolatug’i’n belgiler menen bir-birinen u’lken pari’q qi’ladi’.

Ji’rawdi’n’ uli’wma tu’sinik da’rejesi, du’nyag’a ko’z-qarasi’, adamgershiligi, i’qlasi’, woni’n’ pu’tin ma’deniyati’ – bulardi’n’ ha’mmesi belgili bir xali’q talanti’ni’n’ tulg’asi’n qurap turadi’.

Mine usi’nday ji’rawshi’li’qti’n’ yen’ jaqsi’ belgilerin wo’z tvorchestvosi’na sin’dirgen ji’rawlardi’n’ u’lkenlerinen (ulli’lari’nan) birewi – Yesemurat ji’raw, ataqli’ Nurabulla ji’raw uli’ yedi.

Yesemurat ji’raw 1893-ji’li’ Qon’i’ratti’n’ arqasi’ndag’i’ Aqshan’li’q degen jerde tuwlg’an. Ji’rawdi’n’ a’kesi Nurabulla 19-a’sirdegi qaraqalpaq ji’rawshi’li’g’i’n yen’ jarqi’n talantli’lari’nan yedi. Wo’z aldi’na Nurabulla-ji’raw mektebin do’retken.

Wol sol da’wrdegi ji’rawshi’li’qti’n’ yen’ jaqsi’ qa’sietlerdin’ wo’z boyi’nsha sin’dirgen, wo’z aldi’na «Nurabulla joli’» dep atalatug’i’n - so’z quraw, saz shertiw, (wo’zine ta’n ji’rlaw) joli’n tapqan ha’m wo’z a’tirapi’nda sha’kirtler toplap, qaraqalpaq ji’rawshi’li’g’i’ni’n’ Xorezm woypati’nda dan’qi’n jayg’an ji’rawlardi’n’ biri.

Nurabullani’n’ aytqi’shli’g’i’ haqqi’nda xali’q arasi’nda ko’p g’ana – a’n’gimeler de tarag’an. Nurabulla aytqanda ku’n tuti’li’p, jawi’n jabadi’ delinedi.

Nurabi’lla ji’raw Yesemuratti’n’ kishkentayi’nan qobi’zg’a, so’zge qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’na kewil beredi. Bul jag’day Yesemuratti’n’ ji’rawshi’li’qqa degen intasi’n artti’radi’. Yesemurat jaraw 16 jasi’nan baslap , Nurabullani’n’ keynine yerip 16 ji’l udayi’na sha’kirt si’pati’nda qalmay ju’rendi.

Wol yen’ da’slep qobi’zda saz shertiwdi u’yrenedi. A’kesi ji’rlap woti’rg’anda woni’n’ qobi’zi’na qobi’z benen saz qosadi’. Wol a’kesinen qobi’z shertiwdi, terme-tolg’awlardi’, 15 ji’l yerip ju’rgen waqi’tlari’nda,

Qoblan, Sha’ryar, Yedige, Shora (Er Shora) da’stanlari’n toli’g’i’ menen u’yrenip aladi’.

A’kesinin’ tiri waqti’nda-aq, Yesemurat ji’raw iri da’stanlardi’ toli’q, yerkin, su’ysindirip aytatug’i’n ji’raw da’rejesine ko’teriledi. A’kesi qayti’s bolg’annan keyin Yesemurat ji’raw wo’z aldi’na pu’tini menen ji’rawshi’li’q yetiwge (joli’na) kirisedi.

Sovetlik da’wir, a’sirese 30-shi’ ji’llari’ jraw-baqsi’lar wo’mirinde qi’yi’nshi’li’qti’, quwdalawshi’li’qti’ payda yetti. Wo’tkendegi da’stanlardi’ ji’rlag’ani’ ushi’n Yerpolat ji’raw, Axmet baqsi’ h.t.b. tu’rmege qamaldi’, tu’rmede wo’ldi. Bunday qorqi’ni’shti’ Yesemurat ji’raw da basi’nan wo’tkerdi.

1933-1936- ji’llari’ Nurabullaev Yesemurat kolxozda isleydi, ji’rawshi’li’q yetip tapqan tabi’si’ni’n’ belgili bir protsentin kolxozg’a berip, miynet ku’nin ali’p ju’redi.

Esemurat ji’raw 1939-ji’li’ To’rtku’lde wo’tkerilgen Qaraqalpaqstanni’n’ respublikali’q birinshi ko’rkem ha’weskerler olimpiyadasi’na xali’q namalari’n qobi’zda atqari’w menen qtnasadi’. To’rtku’lde ha’m Tashkentte wo’tkerilgen olimpiadalarda xali’q talantlari’ni’n’ ishinde Yesemurat ji’raw ayri’qsha ko’zge tu’sedi.

Wol 1939-ji’li’ Moskvada wo’tkerilgen Pu’tku’lsoyuzli’q ha’weskerler olimpiyadalari’na Wo’giz ji’raw, Qi’yas ji’rawlar menen qatnasadi’. Bul olimpiada da Yesemurat ji’raw joqari’ bahag’a yerisedi.

Usi’ da’wirde respublikani’n’ rayonlari’nda kolxoz teatrlari’ni’n’ ashi’li’wi’, xali’q teatrlari’ni’n’ bir ma’kemege ja’mlesip, xali’qqa xi’zmet ko’rsetiwdin’ ju’rgiziliwine mu’mkinshilik tuwdi’radi’.

Yesemurat ji’raw 1939-ji’ldan baslap Qon’i’rat kolxoz teatri’ni’n’ qarawi’nda aktiv xi’zmet isley basladi’.

Esemurat ji’rawdi’n’ 1937-ji’li’ shi’g’arg’an «Ag’arti’w» qosi’g’i’ni’n’ wo’z da’wirinde u’lken a’hmiyeti boldi’. Bul qosi’q «Oqi’w menen ja’ne kewlin’ kirin juw, ha’mmenin’ kewlin ashqan ag’arti’w» - dep baslanadi’. Qosi’qta ha’r awi’lda sovet mekteplerinin’ ashi’lg’ani’ tuwrali’, woqi’wg’a bari’p, sawat ashi’wdi’n’ «u’lken bir is» yekenligi haqqi’nda ji’r yetiledi.

Ji’raw 1940-ji’li’ O’zbekistanni’n’ yekinshi respublikali’q ko’rkem ha’weskerler olimpiadasi’na qatnasadi’. Yesemurat ji’rawdi’n’ ati’, sazi’, so’zi respublikami’zdi’n’ ha’mme mu’yeshine bari’p jetti. Woni’n’ qara qobi’zi’ni’n’ sazlari’ To’rtku’lde, Tashkentte g’ana yemes, Moskvada da jan’ladi’.

Ulli’ watandarli’q uri’s ji’llari’ xalqi’mi’zdi’n’ ji’raw-baqsi’lari’ miynetkeshler arasi’nda qaxarmanli’q da’stsnlardi’ aktivlik penen ji’rladi’. Yesemurat ji’raw da usi’ da’wirde basqa ji’raw-baqsi’li’r menen bir qatarda xali’qqa ma’deniy jag’i’nan xi’zmet ko’rsetiwdin’ yen’ jaqsi’ u’lgilerin berdi.

Wo’z balalari’n, qi’zlari’n watan iygiligine uzatqan bir waqi’tta belgili ji’raw Yesemurat Nurabi’lla uli’ qoli’nda qara qobi’zi’n shiyrin so’zleri menen wo’z wo’neri arqali’ Fashizmge soqqi’ beriwge bel bayladi’.

Ji’rawdi’n’ u’yinde saqlang’an Qaraqalpaqstan ASSR Xali’q Komissarlar Soveti qasi’ndag’i’ İskusstvo isleri boyi’nsha Basqarmasi’ni’n’ 1941-ji’li’ ji’rawg’a bergen guwali’g’i’nda to’mendegi so’zler jazi’lg’an: «Bul guwali’q Nurabullaev Yesemuratqa Qaraρalpaqstan kolxozlari’nda wo’zinin’ da’stanlari’ menen kontsert sho’lkemlestiriwge berildi. Joldas Nurabullaevqa kolxozshi’larg’a ji’r yesittiriw ushi’n ha’mme rayon sho’lkemlerinen ja’rdem ko’rsetiw soraladi’.

A’lbette uri’stan keyingi da’wirde ji’raw-baqsi’lar ushi’n an’sat bolg’an joq. Wolar aytatug’i’n geypara da’stanlar «Edige», «Shora», «Yusup-Axmet» h.t.b. qadag’an yetildi.

Kommunistlik baspa so’z ha’tte «Alpami’s», «Qoblandi’» da xali’qli’q yemes dep dag’azaladi’, qobi’z, duwtar quwdalandi’.

Uri’stan son’g’i’ ji’llari’ da Yesemurat ji’raw den sawli’g’i’ni’n’ to’menlegenine, woni’n’ u’stine qartayi’wi’na qaramastan xali’q da’stanlari’n yel arsi’nda atqari’w menen u’sh-to’rt sha’kirt tayarladi’ ha’m wo’zinin’ biletug’i’n da’stanlari’n jazdi’ra basladi’.

Sha’kirtlerinin’ ishinde balasi’ A’jimurat, Jumabaylar yosh penen aytatug’i’n ji’rawlar boli’p shi’qti’.

Keyingi ji’llari’ Yesemurat ji’rawdi’n’ wo’z awzi’nan Rambergen Xojambergenov ta’repinen woni’n’ ko’lemli ha’m mazmunli’, ko’rkemligi ba’lent «Alpami’s» da’stani’ jazi’p ali’ndi’. Bul da’stan 1960-ji’li’ basti’ri’li’p shi’g’ari’ldi’.

Ji’rawdi’n’ balasi’ A’jimurat ta’repinen «Shora». «Sha’ryar» da’stanlari’ jazi’li’p ali’ni’p, sanday-aq Yesemurat ji’rawdan ko’p xali’q qobi’z namalari’, termeleri usi’ jumi’sti’n’ avtori’ ha’m J.Xojaniyazov ta’repinen «Edige» da’stani’ jazi’li’p, wolardi’n’ qol jazbalari’ O’zbekstan İlimler akademiyasi’ Qaraqalpaqtan bo’liminin’ kitapxanasi’ni’n’ qol jazbalar fondi’nda saqlanadi’.

Yesemurat ji’rawdi’n’ magnitofong’a Genjebay Tilewmuratov ta’repinen jazi’p ali’ni’p, O’zbekstan İlimler akademiyasi’ Qaraqalpaqtan bo’liminin’ triyx, til ha’m a’debiyat instituti’, iskusstvo tani’w sektori’ni’n’ muzi’kali’q fondi’nda ko’p g’ana namalar saqlawli’ tur.

Yesemurat ji’raw qobi’zda «Teke nali’sh», «Muxalles», «Qi’z munayi’m», «Bozataw», «Eshbay» h.t.b. namalardi’ sherte aladi’. Yesemurat ji’raw qaraqalpaq ji’rawlari’ni’n’ ishindegi qobi’z sazlari’n yen’ suli’w ha’m sheber atqaratug’i’nlari’ni’n’ birew, wonda ataqli’ Nurabulla ji’raw sazlari’ni’n’ bahali’ da’stwri saqlang’an.

Qobi’z sazi’ni’n’ ba’lent dawi’si’ boli’p, suli’w, teren’ mazmunli’, mi’n’ qubi’lmali’ yetip ayti’li’wi’ (atqari’li’wi’) bull da’stu’rdin’ xarakterli belgilerin quraydi’.

Belgili qaraqalpaq ji’rawi’ Wo’teniyaz, ji’rawlardi’n’ ishinde Nurabulla ji’rawdi’n’ sazlari’n joqari’ bahalap, wolardi’ ken’ gu’zar, tez ju’rip wo’tiwge qolayli’ dan’g’i’l jolg’a ten’eydi.

Yesemurat ji’raw qaraqalpaq xali’q da’stanlari’ni’n’ yen’ jaqsi’ u’lgilerin berip qoymastan, qobi’z namalari’ni’n’ da yen’ jaqsi’ u’lgilerin do’retken.

Yesemurattan «Qobi’lan» da’stani’ 1939 ji’li’ Nawi’ri’z Japaqov ha’m Sa’dirbay Mawlenov ta’repinen jazi’p ali’ndi’. 1941-ji’li’ geypara qi’sqarti’wlar menen qaraqalpaq tilinde basi’li’p shi’qti’. 1959-ji’li’ qi’sqarti’lg’an ha’m tu’sirilip qaldi’ri’lg’an wori’nlar toli’qti’ri’li’p qayta basi’ldi’.

Qaraqalpaq qaharmanli’q da’stani’ «Qoblan»ni’n’ revolyutsiyadan buri’ng’i’ jazi’p ali’ng’an İ.A.Belyaev varianti’n yesaplamag’anda qaraqalpaq folkloristleri ta’repinen son’g’i’ ji’llari’ jazi’p ali’ng’an 7 varianti’ bar. Wol qol jazbalardi’n’ barli’g’i’ da O’zbekstan İlimler akademiyasi’ Qaraqalpaqtan bo’liminin’ kitapxanasi’nda saqlanadi’. Atalg’an da’stanni’n’ variantlari’ni’n’ barli’g’i’ da mazmuni’ jag’i’nan ten’ ha’m ko’rkemliligi jag’i’nan birdey yemes.

«Qoblan» da’stani’ni’n’ Yesemurat ji’raw varianti’ usi’ da’stanni’n’ qaraqalpaqsha versiyasi’ni’n’ mazmuni’ ha’m ko’rkemligi jag’i’nan yen’ toli’g’i’, yen’ u’lkeni, yen’ bahali’si’. Woni’n’ ko’lemi 7 mi’n’g’a jaqi’n qosi’q qatarlari’nan ibarat.

Yesemurat ji’rawdi’n’ da’stan janri’ni’n’ rawajlani’wi’ndag’i’ tvorchestvoli’q u’lesi Qoblan da’stani’ menen bir qatarda, wonnan Rambergen Xojambergenov ta’repinen jazi’p ali’ni’p, 1960-ji’li’ No’kis-

Samarqanad baspasi'nda qaraqalpaq tilinde basi'li'p shi'qqan «Alpami's» da'stani'n da ko'rsetiwge boladi'.

Qaraqalpaqsha varianti'ni'n' ishinde Yesemurat ji'rlaytug'i'n «Alpami's» da'stani' Wo'giz ji'raw, Jiemurat ji'raw, Qi'yas ji'raw, Qurbanbay ji'raw, Arzi'mbet ji'raw, Ka'ram ji'raw variantlari'ni'n' ha'mmesinen de toli'g'i'.

**«Alpami's»ti'n' qazaqsha** baspa so'zde ko'rinip ju'rgen varianti' **2000 qatarg'a** shamalas.

**Qi'yas ji'raw varianti' 10000 qataq**.

**Fazi'l Yuldash bergen wo'zbekshe varianti' 14.000 qatar boli'p**.

**Yesemurat ji'raw Nurabullaevti'n' bergen varianti' 18.000 qatarg'a** jaqi'n turadi'.

Sanday-aq, wol ko'lemi jag'i'nan ha'zirgi ji'ynalg'an «Alpami's» da'stani'ni'n' yen' ko'lemlisi. Jazi'w jumi'si'nda belgili bir da'stanni'n' ha'r qi'yli' ji'rawda mazmuni', ko'rkemligi ha'm ko'lemi jag'i'nan ha'r qi'yli' bolatug'i'ni' seziledi.

Bunday boli'wi'ni'n' sebebi, ba'rinen de buri'n ji'rawdi'n' yeste saqlawi' ha'm tvorchestvoli'q usi'li'na baylani'sli' boli'wi' kerek.

Esemurat ji'raw «Shora», «Sha'ryar», «Edige» da'stanlari'ni'n' da sheber atqari'wshi'si' boldi'. Wol «Sha'ryar» da'stani'nda xali'q poeziyasi'ni'n' qi'yi'nnan qi'yi'sti'ri'lg'an fantaziyasi'n sheber su'wretledi.

Wol Nurabi'lla u'lgisin rawajlandi'rdi', woni'n' da'stu'rin saqladi', «Sha'ryar» da'stani'ni'n' bizin' ku'nimizge Nurabi'lla u'lgisinin' kelip jetiwinde u'lken u'les qosti'.

Esemurat ji'rawda ji'rawlarg'a ta'n ha'm ideal (u'lgi) bolg'an qa'biletlerdi ushi'rati'wg'a bolatug'i'n yedi. Wondag'i' u'lken adamgershilik qasietler aqi'lli'q, shayrli'q , ji'rawli'q (ji'rawshi'li'q) penen qosi'li'p jarasi'p turatug'i'n yedi. Woni'n' haqi'yqat ji'raw dawi'si'na,

suli’w namalari’na, geyde yeriksiz ku’lki payda yetetug’i’n ha’zilkeshligi de ju’zikke qas qondi’rg’anday boli’p turatug’i’n yedi. Wol 1979-ji’li’ qayti’s boldi’.

## Qi’yas ji’raw ko’rkem wo’ner shan’arag’i’



**Qi’yas ji’raw Qayratdinov 1903-1974**

Qi’yas ji’raw Qayratdinov 1903-ji’li’ Shi’mbay qalasi’nda tuwi’lg’an. Yen’ da’slep wol Abbaz shayi’rdi’n’ qosi’qlari’n ji’rlap ju’rgen. Eski mektepten sawat ashi’p xat tani’g’an. Ko’p ji’llar kisi esiginde diyxan boli’p ju’rgen.

9 jasi’nan baslap ji’raw boli’wdi’n’ ha’reketine kirisedi. Son’i’nan Pa’leke ji’rawg’a sha’kirt boladi’, biraq Pa’leke ju’da’ qartayg’an adam boli’p wog’an ustazli’q ete almaydi’. Wonnan keyin Bekmurat ji’rawg’a sha’kirt baladi’. Bekmurat ji’rawda qartayi’g’an shagi’ yedi ha’m soqi’r balg’an. Wol da turaqli’ ustaz bola almaydi’. Son’i’nan A’bdira’siwli

ji'rawg'a (1867-1943) sha'kirt boladi'. 1933-ji'li' Qi'yas ji'raw Shi'mbay qalasi'ndag'i' bilimlendiriw bo'liminen sho'lkemlestirilgen ha'weskerler do'gereginde kontsertlerge shi'g'a baslaydi'.

1939-ji'li' wol Yesemurat ji'raw, Wo'giz ji'raw u'shewi Moskvag'a bari'p olimpiadag'a qatnasadi'. Tashkent qalasi'nda bir neshshe ma'rte boli'p qobi'z shertip, ji'r ji'rlap ko'pshilikti tan' qaldi'radi'. 1956-ji'li' Tashkent kalasi'nda «Alpami's» da'stani'na arnalg'an ilimiy konferentsiyag'a qatnasi'p, awi'z-yeki a'debiyati'n izertlewshileri aldi'nda qobi'z shertip, ji'r ji'rlap beredi. Ki'yas ji'raw Xayratdinov 16 da'stsndi' yadg'a bilgen, xali'q milliy professional muzi'kasi'ni'n' ulli' mamanlari'ni'n' biri bolg'an. Woni'n' ji'rli'g'an da'stanlari'ni'n' ko'pshiligi jazi'p ali'ni'p, kitap boli'p basi'li'p shi'qti'. Soni'n' ishinde «Ma'spatsha», «Alpami's» da'stanlari'n ji'rli'g'an.

1960-ji'li' wol Moskvada wo'tkerilgen du'nya ju'zlik 25-kongresine qatnasi'p ji'r ji'rlag'an. Wol buri'ng'i' wo'tken ji'rawlardi'n' wa'kili boli'p sanalg'an. Wol «Qobi'zi'm» atli' qosi'qti' do'retken, woni'n' namasi'n ha'm so'zin wo'zi shi'g'arg'an. Bul qosi'qta qobi'zdi'n' tariyxi' ayti'ladi' ha'm sali'sti'rmali' tu'rde qaraqalpaq xalqi'ni'n' ko'ship qong'an tariyxi' ayti'ladi'.

**Ansatbay Xayratdinov 1933-1986 8-fevral**

(Haqi'yxi'y 1930-j tuwi'lg'an, ji'lqi' ji'li')

Qaraqalpaqstan xali'q artisti, Berdaq ati'ndag'i' mamleketlik si'yli'qti'n' laureati', belgili baksi' ha'm sazende, melodist-kompozitor Ansatbay Xayratdinov 1933-ji'li' Shi'mbay rayoni'ni'n' Usman Yusupov ati'ndag'i' sovxozda tuwi'lg'an. A'kesi Ki'yas ji'raw Xayratdinov 16 da'stsndi' yadg'a bilgen, xali'q milliy professional muzi'kasi'ni'n' ulli' mamanlari'ni'n' biri bolg'an. Sonli'qtan da muzi'ka, qosi'q ayti'w wo'neri,

yesin bilgennen baslap An'satbaydi'n' sadi'q doslari' boli'p qalg'an. Woni'n' muzi'kali'q uqi'pli'li'g'i' yerteden ashi'la basladi'.



**Ansatbay Xayratdinov 1933-1986 8-fevral**

Sazendeshilik ha'm qosi'q ayti'w wo'nerlerin yen' da'slep a'kesinin' basshi'li'g'i'nda tani'p - u'yrene baslaydi'. Tez arada duwtardi', qosi'q ayti'wdi' men'gerip, a'ste-a'ste qobi'z shertiw ha'm da'stan ayti'w si'rlari'n da u'yrenedi. Mektep da'wirinin' wo'zinde - aq bir qansha repertuar toplap awi'l arasi'nda ayti'p jurtshi'li'qqa tani'li'p baslaydi'. Jas An'satbaydi'n' suli'w jag'i'mli' hawazi', atqari'wshi'li'q sheberligi ha'm adamlardi'n' alg'i'slari', woni'n' bunnan bi'layg'i' ta'g'dirin belgilep beredi.

Soni'n' menen 1949-ji'li' Qaraqalpaqstan tele-radio komitetine jumi'sqa kiredi ha'm sol jerde qosi'qshi' ha'm sazende boli'p wo'mirinin' aqi'ri'na shekem ti'ni'msi'z - hadal minet yetedi. Bul jerde baqsi' ha'm melodist-kompozitor Japaq Shamuratov, sazendeler Aytjan Xojalepesov, İbrayi'm Patullaev, ataqli' baqsi' Esjan Qospolatov, qosi'qshi' Patiyma Bekpolatova ha'm basqa da respublikami'zg'a tani'qli' ko'rkem-o'ner g'ayratkerleri menen birge islesedi, wo'zinin' repertuari'n bayi'tadi'.

Usi’ jerde woni’n’ do’retiwshilik talanti’ da woyani’p nama do’retip baslaydi’. Endi wolardi’ sawatli’ tu’rde notag’a tu’siriw ushi’n balalar muzi’ka mektebinde woqi’p qaysarli’q penen muzi’ka si’rlari’n u’yrenedi – wo’zinin’ ayti’wi’nsha ha’m na’tiyjede «Mektebim» atli’ birinshi qosi’g’i’n jazadi’.

Jumi’sta islep ju’rip 1950-ji’llari’ NMPİ-ni’n’ qaraqalpaq til ha’m a’debiyati’ fakultetin si’rttan woqi’p pitiredi. 1960-ji’llari’ jan’adan ashi’lg’an No’kis muzi’kali’q uchilishesinde 2 ji’l woqi’p keyin turmi’s jag’dayi’na bola dawam yete almay qaladi’.

Ansatbay Xayratdinovti’n’ sheber atqari’wshi’ retinde qa’liplesiwine ataqli’ baqsi’ Esjan Qospolatov, Japaq Shamuratov, sazendelerden İbrayi’m Patullaev, Aytjan Xojalepesovlar sebepshi bolg’an. Milliy muzi’kami’zdi’n’ ataqli’ sheberleri bolg’an bul iskusstvo g’ayratkerleri, wo’zlerinin’ atqari’wshi’li’q si’rlari’n ha’m ta’jiriybelerin hesh jali’qpastan, saqi’yli’q penen u’yretip barg’an.

Soni’n’ menen bir qatarda belgili kompozitor ha’m dirijër Alimjan Xalimov penen birgelikte islesip - jumi’s ali’p bari’wi’, woni’n’ do’retiwshilik da’rejesin ja’ne de jetilistirip jollar ken’eytedi. 1959-ji’li’ A.Xalimov penen birgelikte Reymbergen Eshimbetov ha’m Nuri’mbet Eshmatovlardi’n’ «Jaylawda toy», 1966-ji’li’ Tilewbergen Jumamuratovti’n’ «Qi’zlar ha’zili» spektakllerine muzi’ka jazadi’.

Ansatbay Xayratdinovti’n’ atqari’wshi’li’q, sho’lkemlestmriwshilik ha’m kompozitorli’q tvorchestvosi’ni’n’ toli’q ashi’li’sqan da’wiri 1960-ji’llardan baslanadi’. 1965-1970 ji’llari’ radio komitetten «Qosi’qshi’ jigit qi’zlar ansambli»n du’zip - wo’zi basqari’p baradi’. Oni’n’ qurami’nda Arzi’gu’l Atamuratova, Sluwxan Mambetova, İda Rafikova, Biybiraba O’tepbergenova, Tamara Doshumova, Ziyada Kamalova, Bazargul Karimova jigitlerden Sa’lmenday Sadi’qov, O’tep Qurbanbaev, Ubayxan

Sadi'qov, Ken'asbay Nietullaev, Tursi'nbay Pali'mbetov, Abat Tilewmuratov, Dawi'tbay Qaipovlar bolg'an.

Bul ansamblge wol qosi'qshi'lardi'n atkari'ui'na i'layi'klasti'ri'p, «Muxalles», «Kepter muxallesi», «Saz jaksi'», «Gulayi'mni'n kelbeti», «At boli'pti' miyan ko'ldin taylari'» namalari'n kayta islep shi'qqan. Onnan ti'sqari' ansambldin' repertuari'nan qi'z jigitler ayti'slari', haw-jar – kompozitorlari'mi'zdan A.Qayratdinov, Xudaybergen Turdi'qulov, A'bdireyim Sultanov, G'aniy Amaniyazov, Roman Sultanovlardi'n' qosi'klari' wori'n alg'an.

1965-ji'li' «Kel balalar qosi'q aytayi'q», 1982-ji'li' «Jan'la hawaz» ha'm 1986-ji'li' xali'q miyraslari'n wo'zi notalasti'rg'an «Qobi'z namalari'» toplamlari' Qaraqalpaqstan basi'nan shi'g'adi'.

Qosi'q janri' - A.Qayratdinovti'n' do'retiwshilik wo'nerinin' basi'm ko'pshiligin quraydi'. Bul tarawda wol 200-ge shamalas nama do'retip, wo'zinin' ta'kirarlanbas a'jayi'p melodiyalari' menen wo'shpes iz qaldi'ri'p, Qaraqalpaq qosi'q janri'n bayti'p ketti. Olar mektepke shekemgi balalardan baslap - professional qosi'qshi' talaplari'na toli'q juwap beretug'i'n ha'm nag'i'z milliy koloritke bay motivler menen suwg'ari'lg'an qosi'qlar boli'p, bu'gingi ku'ni xali'q arasi'nda ju'da' ken' tarali'p ketken. Mine buni'n' wo'zi wolardi'n' wo'mirlik ha'm ko'rkemlik jaqtan bah'ali'li'g'i'ni'n' ayqi'n da'liyli boli'p tabi'ladi'.

Oni'n' di'qqat awdarg'an shayi'rlardan: A'jiniyaz, İbrayi'm Yusupov, Xalmurat Saparov, Toli'bay Qabulov, Sadi'q Nuri'mbetov, Tilewbergen Jumamuratov, Ken'esbay Raxmanov, Ta'jetdin Seytjanov, Joldasbay Dilmuratov h.t.b.

Qosi'qlardi'n' tematikasi'n aytatug'i'n bolsaq, bular a'piwayi' insaniyli'q sezimler, ana watan, ana ta'biyat, muh'abbat, miynet ha'm dosli'q temalari'nda jazi'lg'an qosi'qlar. Bular ko'p talantli'

qosi'qshi'lari'mi'z ta'repinen barli'q kontsertlerde, bayramlarda, ku'ndelikli televidenie ha'm radio yesittiriwlerinde barqulla ayti'li'p kiyati'r ha'm xalqi'mi'z wolardi' su'yip ti'n'laydi'.

Ansatbay Xayratdinov wo'mirinin' aqi'ri'na shekem atqari'wshi'li'q wo'neri menen xali'qqa xi'zmet yetip keldi. Ta'biyiy berilgen dawsi'ni'n' ji'lli' - jumsaq tembri', hawazi'ni'n' ta'sirligi ha'm duwtar sesi menen ali'si'wi', i'rg'aqlarg'a bayli'g'i', ti'n'lawshi'da yeriksiz su'ysiniwshilik payda yetedi.

Oni'n' repertuari'ni'n' basi'm ko'pshiligin da'stanlardi'n' qosi'qlari' ha'm hali'q qosi'qlari' qurag'an. A.Xayratdinovti'n' qatnasqan kontsertlerin aytatug'i'n bolsaq, Respublikami'zdi'n' barli'q rayonlari'n aytpag'anda Moskva, Tashkent, Bashqurtstan, Qi'zi'l-orda, Samarqand, Buxara, Andijan, Namangan h.t.b. qalalarda wo'tkerilgen u'lken kontsert ha'm dekadalardi' quraydi'.

Ansatbay Xayratdinov 1986 ji'l 8-fevral ku'ni du'nyadan wo'tken.

Oni'n' xali'q aldi'nda islegen xi'zmetleri hu'kimimetimiz ta'repinen wo'z waqti'nda bah'alani'p 1969-ji'li' 31-martta «Qaraqalpaqstan xali'q artisti», 1984-ji'li' 20-dekabrde «Berdaq ati'ndag'i' ma'mleketlik si'yli'qti'n' lawreati'» ataqlari' ha'm bir-qansha Joqarg'i' ken'esinin' hu'rmet jarli'qlari' menen si'yli'qlandi'.

## Tilewmurat baqsi' shan'arag'i'

Atamuratov Tilewmurat 1882 – 1950 ji'llari' Qoni'rat rayoni' aymag'i'nda da'wir su'rgen. Negizi Moynaqshi' – Qi'ysi'q ma'da'li degen jerde tuwi'li'p wo'sken.

1940-ji'llari' Qanli'ko'lge ko'ship keledi, sol waqi'tlari' Qon'i'ratti'n' Sverdlov sovxozi'. Wo'z zamani'ni'n' ataqli' baqsi'si' bolg'an.



**Atamuratov Tilewmurat 1882 – 1950 jj**

Xali’q qosi’qlari’ menen, sheber sazendeshilik wo’neri menen birge da’stanlar ayti’p xali’qqa xi’zmet yetip jurtshi’li’qqa tani’lg’an. Qaraqalpaqti’n’ “Qi’rmanda’li”, “Ba’zirgen”, qazaqti’n’ «Qarasay qaziy» da’stanlari’ni’nan aytqan.

Woni’n’ u’sh perzenti bolg’an, u’shewi u’sh toyda qosi’q ayti’p xali’qti’n’ algi’si’n ali’p ju’retugi’n baqsi’ – sazende bolg’an.

Ulken balasi’ **Tilewmurat uli’ Qazaqbay** baqsi’ – 1913 – 1944 ji’llari’ wo’mir su’rgen. A’sirese sazdi’ ju’da’ jaqsi’ ka’mine keltirip shertken. 1944 – ji’li’ Yekinshi Watandarli’q uri’sta, Polshada qayti’s bolg’an.

Yekinshi balasi’ **Tilewmurat uli’ Da’wletbay** baqsi’ 1915 – 1980 ji’llari’ da’wir surgen. Bul kisi sazdi’ da jaqsi’ men’gergen, qosi’qti’ da jaqsi’ aytqan. 1950 – ji’llari’ No’kiske ko’ship kelgen. Yerte jasi’nan lati’nsha sawat ashi’p mug’allim boli’p sabaq bergen. 1980 ji’li’ 27 iyul ku’ni qayti’s bolg’an.

Kishkene balasi’ **Tilewmurat uli’ Genjebay** baqsi’ 1929-1997

## Qaraqalpaq xali'q baqsi'si' Genjebay Tilewmuratov
## (1929-1997 17 dekabr)



## Genjebay Tilewmuratovti'n' (1929-1997 17 dekabr)

**Tilewmurat uli' Genjebay** baqsi' 1929-1997 li'llari' wo'mir su'rgen, ha'm usi' shan'araq ag'zalari'ni'n' ishinde wo'zinin' bir qansha pidayi' miynetleri menen xali'qqa tani'lg'an.

Wol **1929**-ji'li' Moynaq rayoni'ni'n' 7-shi awi'l sovetine qarasli' Birlik kolxozi'nda tuwi'ladi'. A'kesinen duwtar shertiwdi, qosi'q ayti'wdi' u'yrenedi.

**1949** ji'li' No'kis ma'leketlik Pedagogikali'q I'nstituti'nda woqi'wg'a kirip, **1955** ji'li' Til ha'm a'debiyat fakultetin tabi'sli' pitkeredi. Studentlik ji'llari'nda baqsi' Yeshan Qospolatovqa sha'kirt boli'p yeredi. Ustazi' Yeshan baqsi'dan ko'p namalardi', da'stanlardi' u'yrenip, wo'zinin' repertuari'n bayi'tadi'.

Yeshan baqsi'ni'n' sha'kirtlerinin' ishinde yen' ag'lasi', so'zge de, sazg'a da sheberi Genjebay boli'p, ustazi' Yeshan baqsi'ni'n' alg'i'si'na miyasar boladi'. Kem-kemnen Yesshan baqsi' Genjebayg'a bo'ten sha'kirtlerin u'yretip, namalardi' shertip ko'rsetip, qa'telerin du'zetip turi'wdi' tapsi'radi' ha'm sha'kirtlerine Genjebaydan u'yreniwin talap yetip turatug'i'n boldi'.

Studentlik ji'llari'nda-aq Genjebay tez-tezden radio arqali' efirden qosi'qlar ayta baslap, kimsen' baqsi' Genjebay Tilewmuratov boli'p, xali'qqa wo'zinin' ba'lent lapi'zi', namani' taza ha'm jaqsi ayti'wi', duwtarda sazdi' da sheber shertiw menen ko'pshiliktin' ko'zine tu'sip, alg'i'sqa miyasar bola baslaydi'.

Pedinstitutti' pitkergennen keyin, ma'mleketlik teatrda, son'i'nan **1956 -1957** ji'llari' Kegeyli rayoni'ni'n' Xalqabad sovxosi' worayi'ndag'i' №1 worta mektebinin' da'slep mug'allemi boli'p, al **1957-1959** ji'llari' usi' mekteptin' direktori' boli'p jumi's ali'p baradi'.

**1959-1960** ji'llari' Kegeyli RayONOsi'nda metodist boli'p isleydi. **1960** ji'li'ni'n' mart ayi'nan baslap Na'jim Da'wqaraev ati'ndag'i' tari'yx til ha'm a'debiyat instituti'ni'n' ko'rkem-wo'ner sektori'n' ilimiy xi'zmetkeri yetip jumi'sqa shaqi'ri'ladi' ha'm sonnan baslap wo'mirinin' aqi'ri'na shekem Qaraqalpaqstan muzi'ka ma'deniyati'n rawajlandi'ri'wg'a belsene xi'zmet yetedi.

Talantli' baqsi' Genjebay Tilewmuratov usi' ko'rkem-o'ner sektori'nda islep ju'rgen da'wirinde Qarqaapaqstanni'n' derlik ha'mme awi'l ha'm qalalari'n aralap yel ishindegi baqsi'-ji'raw qi'ssaxanlardi'n' atqari'wi'ndag'i' qosi'q ha'm sazlardi', da'stanlardi' magnit lentalari'na jazi'p ali'wda u'lken miynet yetken, miyrasi'mi'zdi' son'g'i' a'wladqa qaldi'ri'wda ayanbay-besene xi'zmet qi'lg'an belgili ma'deniyat xi'zmetkeri boli'p tani'ladi'.

Genjebay Tilewmuratov 1969-ji'li' **Qaraqalpaqstang'a miyneti sin'gen xi'zmetker** hu'rmetli atag'i', sonday-aq 1977-ji'li' **Qaraqalpaqstan xali'q baqsi'si'** hu'rmetli atag'i', 1987-ji'li' **Berdaq ati'ndag'i' ma'mleketlik si'yli'qti'n' lawreati'** ataqlari' menen si'yli'qlang'an.

**1976** ji'li' Qaraalpaq Ma'mleketlik televidenie ha'm radio yesittiriw komiteti jani'nan duwtarshi'lar ansamblin du'ziw ushi'n Radio yesittiriw komitetine jumi'sqa shaqi'rti'ladi'.

Sol jerde Respublikami'zg'a belgili «Muxalles» duwtarshi'lar ansamblinin' birinshi sho'lkemlestiriwshisi ha'm muzi'kali'q basshi'si' boli'p islep kelgen, ko'plegen sha'kirtler tayarlag'an, belgili baqsi' ha'm ustaz.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' **1957**-ji'li, **1963**- ji'li' ha'm **1969**-ji'li' Tashkent qalasi'nda, **1977**-ji'li Bashqurti'shtanda, 1978-ji'li' Qazaqastanda, **1981**-ji'li Tatari'standa, **1984**-ji'li Dag'i'standa, **1990**-ji'li' Xorezmde, sonday-aq O'zbekstan a'debiyati' ha'm iskusstvosi'ni'n' **1959**–ji'li' Moskvada, **1982**-ji'li' Azerbayjanda, **1967**-ji'li' Tu'rkmenistanda, **1968**-ji'li' Ta'jikistanda wo'tkerilgen ha'r qi'yli' saltanatli' keshelerde, ma'deniyat ku'nlerinde Genjebay baqsi' Tilewmuratov baqsi' si'pati'nda jeke qosi'qlar ayti'p ha'm wozinin' du'zgen "Muxalles" ansambli repertwari' menen belsene qatnasti'.

Baqsi'shi'li'q wo'neri menen tuwi'sqan xali'qlarg'a, qaraqalpaq xaliq sazlari' menen qosi'qlari'n tani'sti'ri'wda salmaqli' u'les qosti'.

Qaraqalpaq xalqi'ni'n' su'yikli baqsi'si' boli'p ken' ju'rtshi'li'g'i'mi'zg'a tani'lg'an baqsi', bir neshe xali'q namalari'n magnit lentalari'na jazi'p Qaraqalpaqstan radio ha'm televideniesi'ni'n' alti'n fondi'ndlari'nda qaldi'ri'ldi'.

Talantli’ baqsi’, ustaz, bir qansha sha’kirtler tayarlap shi’g’ardi’, wo’mirinin’ aqi’ri’na shekem sahnada qosi’qlar ayti’p, jaslarg’a baqsi’shi’li’q wo’nerin jali’qpay u’yretti.

1992 ji’li’ No’kis ma’mleketlik ko’rkem-o’ner kolledjinde «Fol’klor» bo’liminin’ ashi’li’wi’nda tikkeley ulesin qosi’p, sol bo’limnin’ basli’g’i’ retinde jumi’slari’n sho’lkemlestirip - ayaqqa turg’i’zi’wdag’i’ islegen miynetleri wo’z-aldi’na boldi’.

Bu’gingi ku’ni sol sawapli’ jumi’slardi’n’ guwasi’ boli’p – woni’n’ xali’qqa keltirgen jemislerin ko’rip ati’rmi’z. Ma’selen ko’plegen jaslarg’a baqsi’shi’li’q wo’nerin u’yretip, baqsi’lar tayarlap shi’g’ari’wg’a salmaqli’ u’lesin qosti’ ha’m wolar bu’gingi ku’ni milliy muzi’kami’zdi’ du’nya ju’zine tani’tpaqta. «Qaraqalpaqstan xali’q baqsi’si’» hu’rmetli atag’i’na iye bolg’an ha’m xalqimizg’a ken’nen belgili bolg’an baqsi’ **Turg’anbay Qurbanovti’**, Wo’zbekistan Xali’q baqsi’si’ **G’ayrat Wo’temuratovti’**, Wo’zbekistan Xali’q baqsi’si’ **Ten’el Qallievti** ha’m basqa da ko’plegen sha’kirtler tayarlap, wolardi’ usi’nday u’lken da’rejelerge jetkeriwde baqsi’ Genjebay ag’a Tilewmuratovti’n’ miynetleri wog’ada ulli’.

Sonday-aq ko’plegen talantli’ jas baqsi’lari’mi’zdi’n’ birazi’ wo’zlerin Genjebay Tilewmuratovti’n’ sha’kirtimiz dep ta’n aladi’.

## Genjebay Tilewmuratovti’n’ milliy muzi’kami’zg’a qosqan u’lesi (1929-1997 17 dekabr)

Uli’wma alg’anda Qaraqalpaq baqsi’lari’ni’n’ ko’pshiligi soni’n’ ishinde ataqli’ baqsi’lardan: Aqi’mbet, Muwsa, Edenbay, Bayniyaz, Dosnazar, Shernazar, Berdaq baqsi’, Qarajan baqsi’, Qurbaniyaz, Japaq baqsi’, Esjan baqsi’lar ayta qalarli’q talantqa ha’m uqi’pqa iye bolg’an baqsi’lar, do’retiwshilik uqi’pqa da improvizatorli’q qa’siyetke de iye boli’wi’ menen qosi’q penen sazg’a - jan yendiretug’i’n, qosi’qti’ aytqanda ha’m

sazi’n shertkende, tu’rlishe muqamg’a do’ndire biletug’i’n ila’hiyda talantli’ sheber baqsi’lar ha’m sa’zendeler bolg’anli’g’i’ belgili.

A’sirese, Aqi’mbet baqsi’ni’n’, Muwsa baqsi’ni’n’, Shernazar baqsi’ni’n’, Japaq baqsi’ni’n’ ha’m tag’i’ da basqa talnli’ baqsi’lari’mi’zdi’n’ do’retiwshilik uqi’pqa iye boli’p, wolar do’retken namalar xalqi’mi’zdi’n’ kewlinen shi’g’i’p, usi’ bu’gingi ku’nimizde de ko’pshiliktin’ su’yip ti’n’laytug’i’n namalari’ yekenligin ayti’p wo’tkenimiz wori’nli’ boladi’.

Mine usi’nday ataqli’ baqsi’ – sazendelerimizdi’n’ izin dawamlag’an ha’m wo’z gezeginde - wo’zi de sha’kirtler tayarlap a’jayi’p iz qaldi’ri’p ketken XX - a’sirdegi baqsi’- sazendelerimizdin’ biri **Genjebay ag’a Tilewmuratov. Woni’n’** milliy muzikami’zdi’ progandalawda, bayi’ti’p ha’m rawajlandi’ri’p bari’wdag’i’ islegen miynetlerin aytsaq:

1. Birinshiden – wol kisinin’ atqari’wshi’li’q wo’nerinde ayri’qsha bir ta’sirshen’lik si’r barday yedi. Sebebi wol qosi’q aytqanda, bar i’qlasi’ menen balent lapi’zi’na ilham qondi’rip - namani’n’ yoshi’n bantine jetkeretug’i’n yedi. Wo’zinin’ wo’nerine usi’nday da’rejede itibarli’ qarap wo’mirinshe xali’qqa xi’zmet etti.

2. I’limpaz retinde Respubikami’zdi’ boylap ne-bir jollardi’ gezip, **miyras bayli’qlari’mi’zdi’** ji’ynap – magnit lentalari’na jazi’p, wolardi’ izertlep – u’yrenip mag’li’wmatlar terip, keleshek a’wladqa qaldi’ri’wda ayanbay xi’zmet yetti.

Wo’zi shi’n ma’nisindegi ustaz ko’rgen baqsi’- sazende bolgani’ ushi’n ha’r-bir mekteptin’ do’retpelerine, tradiciyali’q atqariwshi’li’q jollari’na itibar berip – shi’rayi’n buzbastan barli’g’i’n wortag’a ja’mlep, analizlep - sol ja’mliktin’ ishinen uli’wma **qaraqalpaq miliy muzi’kasi’na ta’n bolg’an jollardi’ tabi’wdi’** maqset yetip qoydi’ aldi’na.

Yekinshiden sol jollardi’, saz ha’m qosi’qlardi’, i’rqgaq ha’m da’slerdi, geydegi ushi’rasatug’i’n ayi’ri’m qashi’ri’mlardi – u’lgi da’rejesine ko’terip Qaraqalpaq  milliy muzi’kasi’na ta’n bolg’an bag’dardi’, jollardi’ usi’llardi’ belgilep bariwdag’ii’ i’qlasi’ ha’m qali’s islep ketken xi’zmetleri ayi’ri’qsha boldi’.

3. Muxalles duwtarahi’lar ansamblin duziwdegi, wolarg’a bashi’li’q yetip repertwar toplap, ayaqqa turg’i’zi’wdag’i’ islegen miynetleri wo’z-aldi’na ayri’qsha boldi’. Bu’gingi ku’ni sol ta’rbiyalag’an sha’kertleri wo’zinin’ ti’ni’msi’z miyneti, izleniwleri arqasi’nda wo’z repertuari’ ha’m atqari’wshi’li’q sheberligi menen xali’qti’n’ di’qqati’n wo’zine tarti’p, Respublikali’q ma’deniyat maydani’nda wo’zinin’ hu’rmetli worni’na iye bolmaqta.

Soni’n’ menen birge, u’lken kontsertlerde, dekadalarda belsene qatnasi’p, ha’tteki  ansambl ag’zalari’ milliy muzikamizdi’ du’nya ju’zlik arenag’a shi’g’ari’p alg’i’slarg’a bolenbekte.

4. Jaslari’mi’zg’a milliy miras bayli’qlari’mi’zdi’ u’yretiw maqsetinde No’kis ma’deniyat ha’m ko’rkem-wo’ner kolledjinen «Milliy muzika bo’liminin’» ashi’li’wi’na ha’m цoni’n’ jumi’slari’n ju’rizip ta’rtipke keltiriwde de ayi’ri’qsha miynet yetti.

Sol miynetlerdin’ na’tiyjesinde ta’rbiya ali’p shi’qqan sha’kirtlerinin’ bir-qanshasi’ wo’z gezeginde ustaz boli’p kolledj ha’m balalar muzi’ka mekteplerinde shakirtler tayarlamaqta, bir-qanshasi’ respublikali’q ma’deniyat maydani’nda xali’qqa xizmet yetpekte.

5. Xa’zirgi zaman talabi’ni’n’ bari’si’n yerteden-aq tu’singen halda, Milliy alamoynaq duwtar sazlari’mi’zdi’ du’nya ju’zlik nota sitemasina tu’sirip, sabaqli’qlar ha’m woqi’w qollanbalar doretiw jumislari’na da jan ku’ydirip, 1982 ji’dan baslap wo’mirinin’ aqirina deyin wo’zinin’ pikirlerin, aqil-nasiyatlarin’ ayti’p usi’ bag’darda biraz jumislar ali’p bardi’. Na’tiyjede

u'lgi bag'darlamalar, woqiw qollanbalar, sabaqli'qlar shi'g'i'p sol kitaplardan paydalanip bilim almaqta.

## Piyazovlar shan'arag'i'

### «Qaraqalpaqstan xali'q artisti», «Qaraqalpaqstang'a ha'm «O'zbekstang'a xi'zmet ko'rsetken artist», ataqli' saxna wo'nerinin' sheberi Zinel Piyazovti'n' wo'mir bayani'
### (13. III. 1928 - 5.II. 2011)

Zinel Piyazov 1928-ji'li' 13-martta Taxta-ko'pir rayoni'ni'n' Bo'rshi taw awi'li'nda tuwi'lg'an. Worta mektepti tamamlap, bir qatar qaraqalpaq jaslari' menen 1951-ji'li' Tashkent ma'mleketlik teatr ha'm su'wretlew-wo'neri instituti'ni'na woqi'wg'a kirip 1955 ji'li' tabi'sli' pitkerip shi'g'adi'. 1955 – 1995 ji'llari' arali'g'i'nda ha'zirgi Berdaq ati'ndag'i' ma'mleketlik sazli' teatri'nda 40 ji'l u'ziliksiz minet yetedi.

Wol teatrda islegen da'wirinde 70-ten aslam ha'r qi'yli' obrazlar do'retken ha'm sol atqarg'an rolleri menen xalqi'mi'zg'a tani'li'p, tamashago'ylerdin' ju'reginen teren' wori'n alg'an.



Qraqalpakstang'a ha'm O'zbekstang'a xi'zmet ko'rsetken artist,
Qraqalpakstan xali'q artisti Zinel Piyazov
(1928-ji'l 13-mart, 1911-ji'l 5-fevral)

Wol ken’ diapazong’a iye sheber aktër yedi, ma’selen: Molerdin’ «Tartyuf» spektaklinde Damistin’ rolin, A.N.Ostrovskiydin’ «Jarli’li’q ayi’p yemes» spektaklinde Basqari’wshi’ni’n’, Uilyam .Shekspirdin’ «Otello» spektaklinde Yagoni’n’, Mustai Karimnin’ «Ay tuti’lg’an tu’nde» spektaklinde Da’rwishtin’, A’bdiraman Wo’tepovti’n’ «Ten’in tapqan qi’z» spektaklinde Jamaldi’n’,, Jolmurza Aymurzaevti’n’ «Aygu’l-Abat» spektaklinde Komandirdin’, «Rawshan» spektaklinde Muratti’n’, «Berdaq» spektaklinde Qalbaydi’n’, Mdivanidin’ «Sun’qar» spektaklinde Gorvachëvtin’, İ.Yusupov penen A’met Shamuratovti’n’ «Qi’ri’q qi’z» spektaklinde Ka’riwan-basi’ni’n’, Ta’jetdin Seytjanovti’n’ «Abiw Rayxan Beruniy» spetaklinde Abuba’kirdin’, Abdulla Kaxxardi’n’ «Saq g’arg’a sag’agi’nan» spektaklinde Maqsi’mni’n’, X.Xuseinovti’n’ «Aldar ko’se» spektaklinde Aldar ko’senin’ obrazlari’n ayri’qsha atap wo’tse boladi’.

Wol aktërli’qtan ti’sqari’ administrator si’pati’nda da teatrg’a ko’p miynetin sin’dirdi. Sonday-aq Qaraqalpaqstan radiosi’nda beriletug’i’n «Tikenek» satirali’q jurnali’nda ha’m televideniede teleminatyuralar da qatnasti’.

Wol teatr ja’ma’a’ti menen birgelikte Tashkent, Alma-ata ha’m Moskva qalalari’nda boli’p wo’tken dekadalarda, ko’rkem-wo’ner ku’nlerinde belsene qatnasti’.

Woni’n’ qaraqalpak teatri’ni’n’ rawajlani’wi’na qosqan minetleri wo’z waqti’nda bahalani’p 1966-ji’li’ «Qaraqalpaqstang’a xi’zmet ko’rsetken artist», 1969-ji’li’ «Qaraqalpaqstan xali’q artisti», 1977-ji’li’ «O’zbekstang’a xi’zmet ko’rsetken artist» ataqlari’ menen si’yli’qlandi’. Zinel Piyazov 2011-ji’li’ 5-fevral ku’ni qayti’s boldi’.

U’kimetimiz ta’repinen woni’n’ ati’n ma’ngilestiriw maqsetinde No’kis qalasi’ni’n’ «Qum-awi’l» yelati’ni’n’ u’lken koshelerinin’ birine «Zinel Piyazov» dep ataldi’.

Zinel Piyazov talantli’ aktёr boli’wi’ menen birge u’lken ko’rkem-wo’ner shan’araq iyesi boldi’.

Sebebi womirlik joldasi’ Jani’mbiyke Wotarbaeva menen 9 perzentti ta’rbiyalap qatarg’a qosti’.

Ha’zir wolardi’n’ shan’arag’i’n «ko’rkem-wo’ner shan’arag’i’» - dep xalqi’mi’z tilge aladi’.

Qi’zlari’ Aziza, Roza, Liza ha’m Maral Piyazovalar belgili aktrisa boli’p jetilisip Berdaq ati’ndag’i’ ma’mleketlik sazli’ teatri’nda islep ati’r.

Balasi’ Bu’rkit Piyazov Yesjan baqsi’ ati’ndag’i’ balalar muzi’ka ha’m ko’rkem-wo’ner mektebinde milliy muzi’ka bo’limi basli’g’i’ boli’p jaslari’mi’zdi’ ta’rbiyalap tabi’sli’ miynet yetpekte.

Kelini İnjigu’l Saburova birinshi qaraqalpaq qi’zlari’nan shi’qqan «Muxalles» ansamblinde g’i’rjekshi boli’p islep ati’r, baqsi’lari’mi’z benen birge Evropani’n’ bir qansha ma’mleketlerinde wo’tkerilgen festivallarda belsene qatnasi’p ha’m jaslari’mi’zdi’ milliy muzi’kami’z boyi’nsha ta’rbiyalap xalqi’mi’zg’a xi’zmet yetpekte.

Aqli’qlari’ Jen’isbek Piyazov 2007-ji’lg’i’ opera jo’nelisi boyi’nsha «Nixol» si’yli’g’i’ni’n’ lawreati’.

2010-ji’li’ «Shuxrat» medalin, 2012-ji’li’ «Qaraqalpaqstang’a xi’zmet ko’rsetken artist» atag’i’n ali’wg’a miyassar boldi’, sol 2012-ji’li’ Moskvada wo’tkerilgen II-Muslim Magomaev ati’ndag’i’ opera atqari’wshi’lari’ konkursi’nda Grand-pri jen’impazi’ boldi’.

Janibek Piyazov ta 2010-ji’lg’i’ «Nixol» si’yli’g’i’ni’n’ laureati’, bu’gingi ku’ni milliy muzi’kami’zdi’n’ ji’rawshi’li’q tarawi’n rawajlandi’ri’p Rossiya, Qazaqstan, Turtsiya ma’mleketlerinde wo’tkerilgen folklor festivallari’na, konkurslari’na qatnasi’p, wo’z wo’ner tabi’sli’ men’germekte.

## Bu’rkit Piyazov 1961 jil 19 – avgust

Bu’rkit Piyazov 1961 ji’l 19 – avgust ku’ni No’kis qalasi’nda tuwi’lg’an. 1968 – 1978 ji’llari’ No’kis qalali’q № 4 worta mektepte wo’qi’g’an. 1978 – 1893 ji’llari’ No’kis ma’deniy – ag’arti’w texnikumi’n woqi’p pitiredi, duwtar saz a’spabi’ boyi’nsha, ustazi’ Qarli’bay Ayekeev. Soni’n’ arasi’nda 1979 – 1981 ji’llari’ armiyada xi’zmette boladi’. 1983 – 1990 ji’llari’ №1 No’kis qalali’q ma’deniyat u’yinde ko’rkem bashi’ boli’p isleydi.

1990 – 2000 ji’llari’ «Berdaq ati’ndag’i’ Qraqalpaq ma’mleketlik muzi’kali’ teatri’» xor ja’ma’a’tinin’ solisti boli’p ilegen. 2000 – jildan baslap bu’gingi ku’ge shekem Qaraqalpaqstan Respublikasi’’ 1-sanli’’ Yesjan baksi’’ ati’’ndagi’’ balalar muzi’’ka ha’m ko’rkem wo’ner mektebinin’ “Xali’q sazlar bo’liminde” woki’’ti’’wshi’’ boli’ islep kiyati’r.

Usi’ minet da’wiri ishinde:

1982 – Tashkent boli’p wo’tken Qaraqalpaq a’debiyati’’ ha’m ko’rkem-wo’ner dekadasi’’na.

1989 – Xorezmde walayati’nda boli’p wotken Qaraqalpaq a’debiyati’’ ha’m ko’rkem-wo’ner ku’nlerine

1991 – Qazaqstanni’n’ Alma-Ata qalasi’nda boli’p wo’tken Qaraqalpaq teatr ku’nlerine qatnasqan.

To’rebekov Muxammed “O’zbekistsni’m watani’m menin’” ko’rik tan’lawi’ni’ baqsi’lar jari’si’nda I – wori’n ali’wg’a miyassar bolg’an.

Wonnan ti’sqari’ Tashkentte ha’m No’kiste boli’p wo’tken Mustaqqi’lli’q bayramlari’na qatnasqan.

Bir qansha sha’kirtler tayarlag’an wolardan: Tursi’nbaev Shi’raz O’zbekistan ko’lemindegi “Kari Yakubov” atindag’i’ ko’rik tan’lawi’nda Estrada jo’nelisi boyi’nsha III-wori’n alg’an ha’m 2015 – ji’li’ NI’XOL si’yli’gi’ni’n’ lawreati’.

Piyazov Aqi’lbek O’zbekistan ko’lemindegi “Kari Yakubov” atindag’i’ ko’rik tan’lawi’ni’nda I-wori’n alg’an, Qazaqstan Respublikasi’ni’n’ Shi’mkent oblasti’ndag’i’ “Romansiada” ko’rik tan’lawi’nda I – wori’ndi’ ha’m sol konkursti’n’ Rossiyadag’i’ ko’rik tan’lawi’ni’nda II – wori’ndi’ jen’ip ali’wg’a miyassar bolg’an.



Piyazovlar shan’arag’i’

**İnjigu'l Saburova 1962-ji’l 5-iyul**

İnjigu'l Saburova 1962-j 5-iyulde Kegeyli rayoni’ «Juzimbag» aui’li’nda tuui’lgan. 1969-79 ji’llari’ №21 sanli’ worta mektepte woqi’gan. 1979-82 j Nokis Madeniy – agarti’u texnikumi’nda woqi’g’an, 1982-87 j Tashkent Mamleketlik Madeniyat İnstituti’n tamamlagan.

Miynet joli’n Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Madeniyat ha’m sport isleri ministrligine qarasli’ «Muxalles» dutarshi’lar ansamblinde girjekshi sazende boli’p islep baslagan.

1984-ji'ldan xazirgi waqi'tqa deyin usi' ansamblde joqari' kategoriyali' girjekshi sazende boli'p u'zliksiz islep kelmekte. Woni'n jetiskenlikleri xaqqi'nda aytatugi'n bolsaq, wol Qaraqalpaq xayal-qi'zlar arasi'nan shi'qan birinshi girjekshi sazende.

Bir qansha Respublikali'q ham xali'q-arali'q korik tan'laular ha'm folklor festivallari' qatnasi'ushi'si' boli'p, qaraqalpaq milliy ko'rkem wo'nerin du'nyaga tani'ti'wda u'lken miynetler yetpekte.

1999-j Surxandarya walayati'nda boli'p wo'tken «Alpami's» dastani'ni'n 1000 ji'lli'gi' ko'rik tanlawi' diplomanti' boldi'.

1999-2001j Samarqand qalasi'nda wo'tkeriletugi'n «Sharq taronalari'» xali'q-arali'q muzi'ka festivali qatnasi'ushi'si'.

2002 j «Worayli'q aziya xali'qlari'ni'n milliy muzi'ka madeniyati'» - atamasi' menen wo'tkerilgen folklor festivali Franciya, Belgiya, Germaniya mamleketlerinde boli'p, qaraqalpaq namalari'n sheber atqardi'.

2004j – Angliya, Lyuksemburg, İtaliya, Norvegiya, Germaniya, Frantsiya, Belgiya, Niderlandiyada ma'mleketlerinde boli'p wo'tken «Ulli' jipek joli' boylap» atli' folklor festivallari'na qatnasti'.

2005j Franciya ma'mleketinin' Nicca qalasi'nda boli'p wo'tken "Xali'q arali'q muzeyler kuni" folklor festivali'nda qi'zi' Baxi't Piyazova menen Qaraqalpaq xali'q qosi'q namalari'n atqari'p evropa ti'nlaushi'lari'ni'n algi'slari'n ali'uga yeristi.

2005j Germaniyani'n 12 qalasi'nda "Ayyemgi Xorezm i'rgaqlari'" atamasi' menen milliy muzi'ka ku'nleri qatnasi'ushi'si' boldi'.

2007j Tukmenstanni'n Ashxabad qalasi'nda boli'p wo'tken "Milliy muzi'ka ha'm teatr" xali'q arali'q festivalda "Muxalles" ansambli menen qatnasti'.

2007j Frantsiyani'n Parij, Nitcca qalasi'nda wo'tkerilgen milliy muzi'ka festivali'na qatnasti'.

2008–2010–2012 jj Turkmenstan Respublikasi’nda wo’tkerilgen xali’q arali’q folklor festivallari’na shan’araq agzalari’ ha’m de woqi’wshi’lari’ menen qatnasi’p, Qaraqalpaq xalqi’ni’n ko’rkem wo’nerin shet yeldegi ti’nlaushi’larga tani’tti’.

2011 j Rossiyani’n Sankt-Peterburg qalasi’nda wo’tkerilgen xali’q arali’q IV – «İnterfolk v Rossii» atli’ tan’laui’nda II-Darejeli diplom menen si’yli’qlandi’.

İnjigu’l Saburova qaraqalpaq milliy ko’rkem wo’nerin puxta iyellewi menen birge, woni’ wo’z shakirtlerine de u’yretip ati’r.

Bir qansha shakirtler tayarlap, wolar xalqi’mi’z miyraslari’n teren’nen u’yrenbekte. Solardan Zaretdinova Juldi’z xam Mamutova Gu’lruxlar Tashkent Mamleketlik Konservatoriyasi’nda bilim almaqta.

İnjigu’l Saburova miynet su’ygish insan boli’wi’ menen birge shanaraqta ul’gili u’y biykesi, hu’rmetli ana. 6-perzentti tarbiyalap beseui joqari’ woqi’w wori’nlari’n tabi’sli’ tamamlap xazirgi waqi’tta barli’gi’ ko’rkem wo’ner taraui’nda shakirtlerdi tayarlap ustazli’q yetpekte.

2014-ji’l yanvar ayi’nda O’zbekstan telekanali’nda berilgen «Biz uchun muxim», «Ael baxti» korsetiuleri arqali’ doretiushilik islerin xali’qqa tani’tti’.

2014-ji’li’ Tashkent qalasi’nda wo’tkerilgen «Nawri’z» bayrami’ saltanati’nda shanaraq agzalari’ menen qatnasti’.

2014-ji’li’ Piyazovlar shanaragi’ «U’lgili shanaraq» atamasi’ndagi’ tan’laui’ni’n jenimpazi’ boldi’.

2014-ji’li’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’na miyneti sin’gen madeniyat xi’zmetkeri atagi’n aldi’.

## Piyazov Nurli’bek 1986 – ji’l 12 avgust

Piyazov Nurli’bek 1986 – ji’l 12 avgustta No’kis qalasi’nda tuwi’lg’an. 1993 – 1999 ji’llari’ No’kis qalali’q № 4 worta mektepte wo’qi’g’an. 1999 –

ji’li’ Japaq Shamuratov ati’ndagi’ No’kis ko’rkem – wo’ner koledjinin’ “Xoreografiya” bo’limine woqi’g’a kiredi.

Woni’ tabi’sli’ pitkergennen keyin 2005 – 2009 ji’llari’ No’kis Ma’mleketlik Pedagogika I’nstituti’ni’n’ Muzi’kali’q ta’lim kafedrasi’nda woqi’p tabi’sli’ pitkerip shi’g’adi’.

Sol ji’llari’ I’nstitut ko’lemindegi ha’r qi’yli’ tematikadag’i’ boli’p wo’tken koncertlerge wo’zinin’ atqarg’an qosi’qlari’ menen qatnasqan. 2012 - ji’ldan baslap bu’gingi ku’nge deyin No’kis ma’deniyat ha’m ko’rkem – wo’ner kolledjinin’ “Estrada atqari’wshi’li’g’i’ kafedrasi’nda ” woqi’tiwshi’ boli’p islep kelmekte.

## Jenisbek Piyazov 1988-ji’l 9-may

Jenisbek Piyazov 1988-ji’l 9-mayda tuwi’lgan. 1995 – 2004 ji’llari’ No’kis qalali’q 4-sanli’ uli’uma bilim beriu mektebinde woqi’p tamamlaydi’.

2004 – 2007jj Nokis madeniyat xam ko’rkem wo’ner kolledjinde woq’i’di’. 2007 – 2011jj Tashkent Mamleketlik konservatoriyasi’nda akademik vokal boliminde woqi’p tabi’sli’ pitkerip shi’qti’. Ha’zirgi waq’i’tta usi’ konservatoriyani’n akademik vokal bo’limi magistranti’.

Jetiskenlikleri xakki’nda:

2007j O’zbekstan Respublikasi’ worta arnauli’ kasip wo’ner kolledj ha’m litseyleri arasi’nda wo’tkerilgen korik tan’lauda 1 – wo’ri’ndi’ iyelep Tashkent Mamleketlik Konservatoriyasi’na test si’naklari’si’z q’abi’l yetildi.

2007j O’zbekstan Respublikasi’ Prezidenti tarepinen sho’lkemlestirilgen “Nixol” Mamleketlik si’yli’gi’n aldi’.

2008–2009jj “Uzbegim yeshlari” ansambli agzasi’ boli’p Frantsiya, İspaniya, İndoneziya, İtaliya, Portugaliya, Ki’tay mamleketlerinde Qaraq’alpaq’ xali’q’ q’osi’q’lari’n dunyaga tani’tti’.

2010j Moskvada wo’tkerilgen “Romansiada” tanlaui’nda 1 wori’n alti’n medal aldi’.

2010j “Shuxrat” medali’ menen si’yli’q’landi’.

2011–2012jj Germaniyani’n Myunxen kalasi’nda wo’tkerilgen opera festivali’na q’atnasi’p, wo’z tajiriybesin bayi’tti’.

2011j Azerbayjanda “Byul – Byul” hurmetine wo’tkerilgen tan’lauda “Azerbayjan u’miti” nominatsiyasi’n jenip aldi’.

2011j Belarussiya, Ukraina, Qazaqstan da master klasslar wo’tti.

2012j Moskvada wo’tkerilgen opera atq’ari’ushi’lari’ “Muslim Magomaev” ati’ndagi’ xali’q’ arali’q’ tanlauda Gran pri di qolga kirgizdi.

2012j Qaraq’alpaq’stan Respublikasi’na xi’zmet ko’rsetken artist atagi’n aldi’.

Shan’araq’li’ Muslim atli’ uli’ bar

2014-ji’li’ Tashkent q’alasi’nda wo’tkerilgen «Nauri’z» bayrami’ saltanati’nda shanaraq’ agzalari’ menen q’atnasti’.

2014-ji’li’ O’zbekstan Respublikasi’na xi’zmet ko’rsetken artist atagi’n aldi’.

## Ja’nibek Piyazov 1992-j i’l 23-yanvar

Janibek Piyazov 1992-ji’li’ 2 - yanvarda tuwi’’lg’an. 1998 ji’li’ No’kis qalali’q 4 s anli’ uli’wma bilim beriw mektebinde woi’ki’di’.

2006-j Nokis madeniyat ha’m korkem wo’ner kolledji milliy muzi’ka bolimin tamamladi’.

2009-j Berdak ati’ndagi’ No’kis Ma’mleketlik Universiteti Pedagogika fakultetinin’ muzi’ka ta’limi bo’limin tamamladi’.

Ha’zirgi waki’tta No’kis qalali’q 1-sanli’ Yesjan baksi’ ati’ndagi’ balalar muzi’ka ha’m ko’rkem wo’ner mektebinde ji’raushi’li’q woi’nerin sha’kirtlerine jas ji’raularg’a «Alpami’s», «Edige», «Koblan» ha’am t.b da’stanlardi’ ji’rlati’p u’yretpekte.

Jetiskenlikleri:

2009-j «Kelajak ovozi» Respublika ko’rik tanlaui’ jenimpazi’.

2010-j «Asrlar sadosi» folklor festivali’nda I’-wori’n jenimpazi’.

2010-j O’zbekstan Respublikasi’ Prezidenti ta’repinen sho’lkemlestirilgen «Nixol» Mamleketlik si’yli’gi’n aldi’.

2011-j Rossiyani’n Sankt-Peterburg kalasi’nda woi’tkerilgen xali’k arali’k IV – «İnterfolk v Rossii» atli’ tan’laui’nda I-Da’rejeli diplom menen si’yli’klandi’.

2010-2012-j Tu’rkmenstanni’n Tu’rkmen bashi’ kalasi’nda woi’tkerilgen «Avaza» Folklor festivallari’nda qaraqalpaq dastanlari’n ji’rlap xammeni tan’ kaldi’rdi’.

2012-j Astana kalasi’nda boli’p woi’tken «Qorqi’t-ata» ko’rik tan’laui’nda II-wori’n aldi’.

2012-j Turkiyani’n Ankara kalasi’nda woi’tkerilgen «Tu’rk tilles xali’klardi’n milliy muzi’ka madeniyati’» xali’k arali’k simpozium katnasi’ushi’si’. Shanarakli’ Alpami’s atli’ uli’ bar.

2014-ji’li’ Tashkent kalasi’nda woi’tkerilgen «Nauri’z» bayrami’ saltanati’nda shanarak agzalari’ menen katnasti’.

2014-ji’li’ Jambi’l kalasi’nda woi’tkerilgen II Xali’qarali’q «Karataw sari’ni’» folklor festivali’ni’n jenimpazi’.

2014-ji’li’ Piyazovlar shanaragi’ «U’lgili shanaraq» atamasi’ndag’i’ tan’laui’ni’n jenimpazi’ boldi’.

## Jumaqlaw

Ha'r bir xali'qti'n wo'z tariyxi', ma'deniyati', ko'rkem-wo'neri, ko'rkem a'debiyati' bar. Wolar wo'zinin' u'lken ya kishi boli'wi'na qaramastan ja'ha'n a'debiyati' menen ma'deniyati' g'a'ziynesine wo'z u'lesin qosadi'. Qaraqalpaq xalqi' da a'yyemnen bay ma'deniyatqa, ko'rkem-ow'nerge, ko'p a'sirlik tariyxi'na iye xali'qlardi'n' biri boli'p, du'nyag'a milliy muzi'ka miyraslari' menen ken'nen tani'qli' boldi'.

Ha'r bir xali'qta Ata ka'sibin iyelew ha'm dawamlap rawajlandi'ri'p bari'w - perzent ushi'n a'diwli is boli'p tabi'lg'an.

Joqari'da ayti'p wo'tkenimizdey bularda biz atadan balag'a wo'tken tek materialli'q bayli'qti' yemes, al ba'lkim babalari'mizdi'n' ha'r bir ka'sipti a'sirler dawami'nda i'qlas penen boy tikletip, shi'mti'mlap u'yrenip - marjanday nag'i'si'n keltirgen izlerin ko'remiz.

Mine usi' miyras izler ta'biy halda atadan balag'a wo'tip, wo'zinin' dawami'n tapsa g'ana, wol perzentti ata ka'sibin ielegen dep aytadi' xali'qta.

Bunday atadan balag'a miras boli'p dawamlang'an mynetlerdin' ha'm jetiskenshiliklerge yerisken izlerdin' mazmuni' wo'z aldi'na boladi'.

Bir ka'sipte dawam yetken izler bolsi'n, yaki milliy muzi'kami'zdi'n' ha'r qi'yli' janri'ndag'i' izler bolsi'n, wolardi'n' u'ziliksiz dawamlag'an izlerdin' na'tiyjesi de wo'z aldi'na boladi'.

Maselen ji'rawshi'li'qta Nurabi'lla ji'raw menen balasi' Yesemurat ji'rawdi'n' do'retiwshilik izleri – miynetleri ha'm jetiskenshilikleri - "Alpami's" da'stani'n ha'zirgi zamandag'i' variantlari'ni'n' ishindegi yen' ko'lemlisi ha'm ko'rkemlik jaqtan yen' bay ha'm mazmunli'si' da'rejesine jetkizgen.

Qi'yas ji'raw di' aytatug'i'n bolsaq 16 – da'standi' yaddan aytqan deydi xali'qta, ha'm wolardi' zapiske tu'sip keleshek a'wladqa qaldi'rg'an.

An’satbay Qayratdinov wo’zinin’ baqsi’shi’li’q joli’ menen bir qataq, melodist kompozitor si’pati’nda qanshadan qansha suki’w namalar jazi’p, wolar ha’zir radio komitetinin’ alti’n fondi’nda saqlanbaqta.

Tilewmurat baqsi’ shan’aragi’ni’n’ xi’zmetleri, a’sirese Qaraqalpaqstang’a miyneti sin’gen xi’zmetker, hu’rmetli ustaz, Qaraqalpaqstan xali’q baqsi’si’, Berdaq ati’ndag’i’ ma’mleketlik si’yli’qti’n’ lawreati’ Genjebay ag’a Tilewmuratovti’n’ ati’n xalqi’mi’z hu’rmet penen tilge aladi’.

Bu’gingi ku’ni milliy muzi’kami’zdi’n’ du’nya ju’zlik arenag’a shi’g’i’p - boy tiklep rawajlanip bari’wi’nda, jaslari’mi’zdi’n’ qolg’a kiritip ati’rg’an tabi’slari’nda Genjebey ag’a Tilewmuratovti’n’ da girewli worni’ bar desek ju’da wori’nli’ boladi’.

Piyazovlar shan’arag’i’n atatugi’n bolsaq Teatrda Zinel Piyazovti’n’ aktelrli’q minetleri, ji’rawshi’li’qta Ja’nibek Piyazovti’n’ minetleri, g’irjek saz a’spabi’nda hayal qi’zlari’mizdan shi’qqan birinshi g’i’rjekshi Injigu’l Saburovani’n’ miynetleri, Klassikali’q vocal boyi’nsha Jenisbek Piyazovti’n’ minetleri ha’m talantlari’ bizin’ ko’rkem wo’nerimizdin’ dan’qi’n du’nya ju’zine ko’terdi desek aljaspaymi’z.

Xalqi’mizda bulardan basqa da ko’rkem wo’ner shan’araqlari’ ko’p, barli’g’i’na da tvorchestvoli’q tabi’slar tilep qalami’z.

## Paydalani'lg'an a'debiyatlar


1. Karimov İ.A. «O'zbekiston buyuk kelajak sari» Toshkent, 1997, 60-bet
2. Karimov İ.A. «Tarixiy xotirasiz kelajak yuq». Toshkent, «Sharq», 1998, 25- bet
3. Qadi'rov B.A. «Nekotori'e problemi' po klassicheskim istochnikam narodnoy pedagogiki», ob. «Narodnaya pedagogika i sovremenni'e problemi' vospitaniya: chast 2» Cheboksari'. 1991, str 284.
4. «Barkamal avlod orzusi». Toshkent «Sharq» 1999, 53-bet
5. «Berdaq Saylandi' shi'g'armalari'». No'kis «Qaraqalpaqstan» 1997. 43 bet.
6. Qabi'l Maqsetov – Qaraqalpaq xalqı'nı'n' ullı' jı'rawı' «Yesemurat jı'rawdı'n' tuwı'lg'anı'na - 100 jı'l» Erkin Qaraqalpaqstan gazetasi' 14-avgust 1993 ji'l №№ 126-127 (16263)
7. Qabi'l Maqsetov «Очерки по истории караклпакского фольклора» Ташкент 1977 j Издательство «ФАН»
8. Qabi'l Maqsetov "Qaraqalpaq xalqi'ni'n' ko'rkem awi'zeki do'retpeleri" No'kis 1996 j Bilim baspasi'.
9. Adambaeva T. «Revolyutsiyag'a deyingi Qaraqalpaq muzi'kasi'» No'kis 1976 j.
10. Adambaeva T. «Qaraqalpaq muzi'kasi'ni'n' tariyxi'nan». No'kis 1985 j.
11. Ayi'mbetov Q. «Xali'q danali'g'ı'». No'kis: Qaraqalpaqstan 1988 j.
12. Askarov K «Baqsi'-ji'raw tiykarlari'» pa'ninen lektsiyalar ji'ynag'i, qoljazba) 2010-j.
13. A'.Ali'mov «Qaraqalraq liro-epikali'q da'stanlari'» 1983 j.
14. Allanazarov D. «Qaraqalpaq sazlari'» (duwtar). «Bilim» baspasi' 2004 j.
15. Jiyemuratov M. «Ji'raw namalari'» No'kis: Qaraqalpaqstan, 1991 j.
16. Составитель В.Б.Григорович (Хрестоматия для учащихся старших классов) «Великие музыканты западной европы» Москва Просвещение 1982 г
17. Л.Энтелис. «Силуэты композиторов XX века» издательство Музыка Ленинградское отделение 1975 г.
18. К.Розеншильд. «История зарубежной музыки» Издательство «Музыка», Москва 1978 г. выпуск первый, до середины XVIII века
19. М.Друскин. «История зарубежной музыки» Издательство «Музыка», Москва 1980 г. выпуск четвертый, вторая половина XIX века
20. A. Qayratdinov. «Qobız namaları».
21. A. Qayratdinov. «Jan'la hawaz» 1982.

# Mazmuni’


| | | |
|---|---|---|
| 1 | Kirisiw. | 3-bet |
| 2 | Temani’n’ aktualli’g’i’ | 6-bet |
| | I-Bap | |
| 3 | Ata ka’sibin iyelew ha’m dawamlap rawajlandi’ri’w - a’zelden a’diwli is. | 8 - bet |
| 4 | Evropa ma’mleketkerindegi muzi’kantlar dinastiyasi’ | 8 - bet |
| 5 | Feyt Baxlar dinastiyasi’ | 9 – bet |
| 6 | Yogan Shtawslar dinastiyasi’ | 14 – bet |
| | II-Bap | |
| 7 | Qaraqlpaq baqsi’ ji’rawlar dinastiyasi’ | 18 - bet |
| 8 | Nurpolat ji’raw ko’rkem wo’ner shan’aragi’ | 18 - bet |
| 9 | Qiyas ji’raw Qayratdinovlar ko’rkem wo’ner shan’aragi’ | 28 - bet |
| 10 | Tilewmurat baqasi’ ko’rkem wo’ner shan’aragi’ | 33 - bet |
| 11 | Piyazovlar ko’rkem wo’ner shan’aragi’ | 41 - bet |
| 12 | Juwmaqlaw | 51 - bet |
| 13 | Paydalang’an a’debiyatlar | 53 - bet |

A’jiniyaz ati’ndag’i’ NMPİ-din’ Pedagogika fakulteti “Muzi’kali’q ta’lim” qa’nigeliginin’ IV – kurs talabasi’ Qudenova Shamshirani’n’ “Qaraqalpaqstanda ko’rkem – wo’ner shan’araqlari’ni’n’ payda boli’wi’” atli’ temasi’ndag’i’ bakalavr pitkeriw qa’niygelik jumi’si’na

P I K I R

Pitkeriwshi Qudenova Shamshirani’n’ bakalavrli’q pitkeriw qa’niygelik jumi’si’ “Qaraqalpaqstanda ko’rkem – wo’ner shan’araqlari’ni’n’ payda boli’wi’” temasi’na bag’i’shlang’an.

Xali’qti’n’ yadi’nda saqlani’p kelgen xali’q awi’z yeki do’retpeleri insan wo’mirinin’ barli’q ta’repin wo’zine ja’mlep, wonda u’rp-a’det, da’stu’r, ta’rbiya menen adam wo’mirinin’ barli’q jol-jobalari’ wo’z ko’rinisin tapqan. Sol semepli bul tema ju’da’ duri’s tan’lap ali’ng’an.

Ha’r bir xali’qta Ata ka’sibin iyelew ha’m woni’ dawamlap rawajlandi’ri’p bari’w - perzent ushi’n a’diwli is boli’p tabi’lg’an.

Bul miynette ko’rkem wo’ner shan’naraqlar turmi’si’, wolardi’n’ ko’rkem wo’nerimizge qosqan u’lesi jaqsi’ ashi’p berilgen.

Keleshegimiz bolg’an jaslardi’ ha’r ta’repleme jetik insan yetip ta’rbiyalawda, ruwxi’y maqtani’sh sezimlerin woyati’wda ko’rkem wo’ner shan’araqlari’mi’zdi’n’ a’hmiyeti u’lken.

Uli’wma jumi’s jaqsi’ jazi’lg’an, ta’jiriybeli qa’niygelerdin’ ha’m muzi’ka oqi’ti’wshi’lari’ni’n’ ilimiy miynetlerin u’yrenip, wo’z betinshe bahali’ ilimiy juwmaqlar jasawg’a yerisken.

Pikir beriwshi O’zbekistan Xali’q baqsi’si’: Ten’el Qalliev

A’jiniyaz ati’ndag’i’ NMPİ-din’ Pedagogika fakulteti “Muzi’kali’q ta’lim” qa’nigeliginin’ IV – kurs talabasi’ Qudenova Shamshirani’n’ “Qaraqalpaqstanda ko’rkem – wo’ner shan’araqlari’ni’n’ payda boli’wi’” atli’ temasi’ndag’i’ bakalavr pitkeriw qa’niygelik jumi’si’na ilimiy basshi’ni’n’

J U W M A G’ I’

Bul pitkeriw qa’niygwlik diplom jumi’si’ wo’z wazi’ypasina toli’q jawap beredi ha’m temasi’ boyi’nsha qoyi’lg’an ma’selelerge qanaatlandi’rarli’ da’rejede toqtali’p wo’tken.

Ma’selen ko’rkem woner shan’araqlari’ni’n’ ha’r bir xali’qta uzaq da’wirlerden berli wo’mir su’rip kiyati’rg’anli’g’i’. Woni’n’ turmi’si’mi’zda ayri’qsha tutqan worni’ ha’m qaldi’rg’an na’tijeli izleri haqqi’nda jaqsi’ pikirler ju’rgizilgen.

Evropa kompozitorlari’ dinastiyalari’nan mi’sallar keltirilip, wolardi’n’ womir jollari’, do’retiwshilik jollari’nda qaldi’rg’an miynetlerinin’ a’hmieti haqqi’nda jaqsi’ so’z yetilgen.

Soni’n’ menen birge wozimizdin’ Qaraqlpaq milliy ko’rkem wo’neri shan’araqlari’ haqqi’nda da jaqsi’ materiallar, ha’m milliy muzi’kami’zdi’n’ wo’siwine qosqan u’lesleri ha’qqi’nda da jaqsi’ danni’ylar keltirilgen.

Uli’wma bul miynette ju’rgizilgen pedagogikali’q oy pikirler, ondag’I’’ milliy muzikami’zdi’n’, qosi’qlari’mi’zdi’n’ ta’rbiyali’q qasietleri jaqsi’ ashi’p berilgen.

Juwmaqlap aytqanda bul qaniygelik pitkeriw diplom jumi’si’ jaqsi’ ha’m mazmunli’ jazi’lg’an dep woylayman.

Ilimiy basshi’: docent D.Allanazarov